

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Menak Sorangan 2

R. Ng. Yasadipura I

ktorat
yaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

MENAK SORANGAN

2

TAM	Mo. I -
18 NOV 1984	1348

MENAK SORANGAN

2

Oleh

R. Ng. YASADIPURA I

Alih Aksara dan Alih Bahasa
WIRASMI ABIMANYU

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1982

Diterbitkan kembali seizin PN. Balai Pustaka
BP No. 1174 A
Hak Pengarang dilindungi Undang-undang.

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ISINIPUN

16. Candhakupun Wong Agung Nglurugi Raja Uktur	9
17. Prabu untuk Marjaban Pejah Dening Prabu Sayid Ibnu- ngumar	17
18. Pangeran Kelan nantang Raja Wuskahar	25
19. Nagari Ngilmaya bedhah dening Prabu tasang Sulngalam	34
20. Pangeran Kelan Kintun Serat Dhateng Raja Kasinggi, Ratu ing Turgan	41
21. Nagari Turgan Bedhah	47
22. Raja Ungkadi ing Nagari Burtun Pejah Dening Prajurit Kuparman	53
23. Pangeran Kelan Nonjok Serat Penantang Dhating Prabu Gulangge ing Pokam	62
24. Prabu Gulangge Tandhing Lan Prabu Lamdahur	77
25. Ratu Wadya Kuparman Gentos-gentos Nadhingi Prabu Gulangge	84
26. Pangeran Kelan Tandhing Lan Prabu Gulangge	91
27. Umarmaya Nyapih Perangipun Pangeran Kelan	101
28. Prabu Gulangge Dipun Cukur Umarmaya	113

16. CANDHAKIPUN WONG AGUNG NGLURUGI RAJA UKTUR

Dhandhanggula

1. Nanging aja adreng akon mijil,
yen wus sira agawe pratandha,
yen nora metu dimene,
aja meksa sireku,
yayi Salsal paran sireki,
nembah Sang Raja Salsal,
inggih ta pukulun,
aleres rayi paduka,
inggih kakang Prabu ing Rum Burudangin,
sakethenge kang wetan.
2. Tuwan buka kalamun kadugi,
yen wis menga nuli kendelana,
pan puniku untarane,
sayekti nunten metu,
ya Wong Agung ngandika aris,
yen wis lawange menga,
tinggalen riningsun,
yen meksa tan purun medal,
sawinduwa sayektine ingsun anti,
si Uktur Mandalika.
3. Sigra nembah Nateng Burudangin,
bekta bala mung sakethi kuda,
saleksa mung dipanggane,
bandera lan lalayu,
umbul-umbul kang boten mawi,
binekta luhur kuda,
bandera lalayu,
ngubengi kutha Sorangan,
wong jro kutha pra samya aniningali,
nanging tan wonten medal.

4. Sawusira kubengan kitheki,
kendel kori saketheng kang wetan,
piyak sagung prajurite,
kang wonten ngarsanipun,
ngetab gajah Sri Narapati,
mrepeki lawang kutha,
sigra denya ngulur,
amuter palurante mas,
kinoserken ingayat sinabet aglis,
sumyur pating palesat.
5. Kinoserken anganan angering,
luluh rebah bata lawang kitha,
sirna kalawan panggunge,
malumpat gajahipun,
Sri Bupati pan sampun prapti,
jroning lawang katingal,
kang tunggu lumayu,
prajurit kang pra dipatya,
angantosi ing solah mungsuh kang prapti,
Prabu Tasangsulngalam.
6. Panyabete anganan angering,
wonten dohe satiban pamanah,
tan ana nunggak batane,
rata lan lemahipun,
kinoserken palurante ki,
nulya wangsul Sang Nata,
lan sabalanipun,
ing pakuwon amiyarsa,
panyabete swaranya lir rug kang wukir,
rebah sirnaning bata.
7. Kang atengga palayune prapti,
matur nembah marang ratunira,
duk rumbu-rumbu gerahe,
sanget kuwayonipun,
duk prang lawan Sang Rustamaji,

pukulun kori bedhah,
lan banone gempur,
wonten satiban pamanah,
luluhipun arata kalawan bumi,
pinalu ing rante mas.

8. Warti Raja ing Rum Burudangin,
ingkang rayi mring Sang Kakungingrat,
kori kang amalurante,
tuhu lamun pinunjul,
prakosane Sri Burudangin,
prawira mandraguna,
inggi nuntan wangsul,
pun Raja Tasangsulngalam,
angandika lah payo pulihen aglis,
bupati ambek taha.
9. Ingsun durung arsa metu jurit,
mungsuh iku si Surayengjagat,
anake semana bote,
mendah ta bapakipun,
milaningsun angati-ati,
nulya sagung punggawa,
mulih bata rubuh,
miwah kori dinandanan,
pandhe kawanatus karya gapit sami,
wesi kabeh korinya.
10. Wus mangkana pendhakistan enjing,
Raja Salsal alon aturira,
pukulun estu kendele,
korine ingkang rubuh,
sapamanah anganan ngeri,
pinalu ing rante mas,
ing rayinta Prabu,
mangke pinulih kewala,
kintenipun saweg pradandanan pikir,
pun Uktur Mandalika.

11. Wau Wong Agung Surayengbumi,
wruh semune kang putra ing Kelan,
denya maksih bramatyane
cahya kang lir sitengsu,
ing kang sorot kuning awilis,
mangkya wilise sirna,
kadya geni murub,
baranang kumantar-kantar,
sami eram kang mulat para narpati,
ing nepsu kang mangkana.
12. Tuwu putra pituruning Widhi,
angluwihi sagung para putra,
ing cahya miwah wangune,
manawa Nabi Yusup,
ing sairib bisa ngiribi,
Pangeran ing Suwangsa,
sajagat pinunjul,
baya Dewi Kelaswara,
kala wawrat tinurunan wahyu jati,
denya putra mangkana.
13. Ingkang rama angandika aris,
anakingsun Ki Jaswadi Putra,
ing Kelan dandana age,
lan sawadyanireku,
para ratu dhomeas ywa kari,
ipemu karo padha,
lan sabalanipun,
sun gawani pamanira,
Burudangin ing Yujana lan Serandil,
kalawan putranira.
14. Kaki Prabu ing Kaos nagari,
lan putumu Ki Arismunandar,
arimu Burudangine,
Asimkatamsi iku,
miwah pamanira kakalih,

aja pisah lan sira,
si Urmus Semakun,
gitiken Unuk Marjaban,
angirasa buburu aneng wanadri,
mrih suka wadyanira.

15. Lawan Kaladini Rajeng Ngindi,
panekare padha den gawaa,
iya lawan si Gulangge,
Rokam ing Ngindi iku,
lawan malih Nateng Biraji,
sarerehane padha,
miluwa sireku,
heh yayi Rum ing Yujana,
ing Serandil den padha angati-ati,
myang yayi kalih pisan.
16. Urmus Semakun padha den becik,
upayanen si Patih Baktiyar,
padha ta prihen elinge,
aja kongsi kalantur,
awet padha angrusak bumi,
sadaya matur nembah,
ngandika Wong Agung,
heh yayi ing Kalakodrat,
si Apatih Kalkal gawakna mrih margi,
marang atmajanira.
17. Patih Kalkal wus den parentahi,
anggawa bala sakethi samya,
nitih macan sabalane,
ingkang tukang dalanglung,
sigra nembah kang putra aglis,
lan sagung para nata,
ngabekti kumrutug,
sigra atengara budhal,
pan sapalih kapara keh kang lumaris,
lan kang tengga ing rama.

18. Para ratu putra sadayeki,
amung balane Wong Parangteja,
inggang kari keketebe,
lawan Prabu Tamtanus,
miwah Iskal Iskalan sami,
Sri Sadat Kadarisman,
Wong Ngabesi agung,
lawan Marmadi kang wadya,
pan kajawi para ratu Parangakik,
lalajer pabarisan.
19. Prajurit akeh becik-becik,
kang nimbangi lan kang rayi Kelan,
sami bala santanane,
mila tan wonten usul,
undha usuk Asimkatamsi,
Rustamaji duk gesang,
keh santananipun,
anging keh para kewala,
nora kadi wong Kelan wong Parangakik,
akeh kabeh prawira.
20. Sampun lepas wau kang lumaris,
ngiras buburu samarga-marga,
akathah buron warnane,
samyaka suka wadya gung,
keh warnane inggang wanadri,
Raja Unuk Marjaban,
miyarsa turipun,
punggawanira kang langlang,
yen kikirab putra Rab mangke umijil,
nenggih Pangeran Kelan.
21. Patbelas yuta bala prajurit,
geger manaha Unuk Marjaban,
ngoncati anebih bae,
mangkana kang winuwus,
bala Kelan den parentahi,

- kang putra nuwun kesah,
misah enggenipun,
Prabu Sayid Ibnungumar,
lan kang putra sira Sang Rajeng Betarti,
tumut marang kang rama.
22. Andon bebereg suka kang dasih,
yata sira Sang Unuk Marjaban,
miyarsa yen pamisahe,
Rajeng Kaos puniku,
sukan-sukan saha wadyeki,
angupaya paekan,
ngrakit kematipun,
wonten punggawa satunggal,
inggang kinen awarni turangga wilis,
biru pan kadi nila.
23. Nanging tutulipun tutul wilis,
kang pinindha pun Sekarduwijan,
apan linuwihan genge,
prajurit kalihatus,
nitih macan sami miranti,
datan ana ngatingal,
kang kiwa arungkud,
lawan ambekta jempana,
sikep satus ing pratingkah wus miranti,
mangkat marang ing wana.
24. Lepas angadhang tengah wanadri,
Rajeng Kaos kalawan kang putra,
buburu saprajurite,
wus karsane Hyang Agung,
kapisah Sri Narpati,
turangga angatingal,
munggeng ngarsanipun,
kaget Sayid Ibnungumar,
gya sinander turangga ika ngoncati,
nenggih sangsaya nebah.

25. Saking cancut sira Sri Bupati,
eman luputa ingkang turangga,
wus kasengsem ing nalane,
pisah lan balanipun,
miwah putra datan katolih,
prapta pirantinira,
kendel kudanipun,
Raja Sayid Ibnungumar,
tedhak saking turanggane marepeki,
medal ungkuring kuda.

17. PRABU UNUK MARJABAN PEJAH DENING PRABU SAYID IBNUNGUMAR

Pangkur

1. Cimamdhak turangga kena,
wus rinangkul gulune anulya glis,
kumrupyuk sirna kudeku,
Raja Konjor anyandhak,
nyekel marang Rajeng Kaos sru amuwus,
prapta ingkang sisimpenan,
kang kalihatus prajurit.
2. Angrubut pan dereng kena,
rame udreg nanging wus den dhingini,
ing tangkep sayekti kuwur,
mangkana wus kacandhak,
wus ginodhi ing sutra pamandi sampun,
inginggahaken jempana,
sigra binekta lumaris.
3. Prapta nggen Unuk Marjaban,
langkung suka undhang sawadyaneki,
yen ngantos perang lokipun,
iku badhe ginawa,
dimen asap pratingkahira tatamu,
lawan ingkang maratuwa,
wus lami kesahe jurit.
4. Tan antuk tutup wadana,
tiwas ing prang loke pan nora becik,
kaewan ing marasepuh,
miwah prajurit samya,
dene kaduk ature kapareng ngayun,
ing mangke purun mantuka,
lan nggawa Patih Medayin.
5. Wus budhal sabalanira,

sira Unuk Marjaban sukeng galih,
antuk tawan putunipun,
dene Sang Kakungingrat,
raja wayah dhasar andeling prang pupuh,
prakosa asugih bala,
narpati Kaos nagari.

6. Ing marga datan winarna,
lampahira Unuk Marjaban prapti,
nagari Rokam nujesuk,
Sang Nata duk sineba,
Raja Unuk Gulangge marang wadya gung,
prajurit prawiranira,
miwah satria para ji.
7. Kyana Patih Bakubaham,
tur uninga Unuk Marjaban prapti,
sarta tuk tawan pinutu,
ratu andeling aprang,
Raja Sayid Ibnungumar namanipun,
kang wayah punika lawan,
Wong Agung Surayengbumi.
8. Mesem Sri Bupati Rokam,
Ratu agung tan samar reh ing batin,
lan bekta papatihipun,
Medayin Ratu Irman,
sigra tedhak wau ta saking manguntur,
sampun munggeng pagelaran,
ngandika Sri Narapati.
9. Heh sira Unuk Marjaban,
lawas temen nggonira andon jurit,
paranta mengko kang mungsuh,
Unuk Marjaban mrepack,
ngaras pada puniku kawula antuk,
kang putu Sang Kakungingrat,
prawira andeling jurit.

10. Langkung prakosa ayuda,
inggi awrat linawan ing ngajurit,
Rajeng Kaos namanipun,
Sri Sayid Ibnungumar,
pan katawan samadyaning prang pukulun,
manthuk Sri Bupati Rokam,
lang ing mangko ana ngendi.
11. Tur sembah Unuk Marjaban,
wonten jawi gawanen ngarsa mami,
Unuk Marjaban angutus,
ngenggalaken jempana,
ingaturan atedhak ing ngalun-alun,
binayang angeri nganan,
kang cahya anuksmeng sasi.
12. Duk meh prapta katingalan,
cahyanira alir ngandakarenjing,
kagyat wau Sangsa Prabu,
duk manjing ing taratag,
tinedhakan Unuk Gulangge amethuk,
cinandhak ngaturan lenggah,
neng wijohan palowani.
13. Oreg wau sanagara,
ingkang cahya anuksmeng ingkang sasi,
ngandika Gulangge Prabu,
heh Putra Raja Arab,
sampun susah manggih makaten puniku,
sampun wiyah ing ngayuda,
yen tiwas mesthi nemahi.
14. Prabu Sayid Ibnungumar,
anauri suka kula Sang Aji,
yen kasor kula prang pupuh,
tan wonten rinaosan,
dene kula punika marga buburu,
miyat kuda aneng wana,

punika kemating mami.

15. Gulangge alon tatanya,
tuwan boten keni madyaning jurit,
Unuk Marjaban turipun,
punika inggih dora,
Prabu Sayid Ibnungumar wuwusipun,
makoten kewala gampang,
kula paduka uculi.
16. Nunten tuwan adu ing prang,
pun Marjaban dimenipun mepeki,
kapraboning aprang pupuh,
kawula karo tangan,
yen kasora dinodhia malih ingsun,
puniku enggone nyata,
Gulangge suka tan sipi.
17. Unuk Gulangge anyandhak,
Sayid Ibnungumar wus den uculi,
Unuk Marjaban sireku,
nganggoa prajuritan,
ingsun adu aprang kono ngalun-alun,
Baham payo parentaha,
baris kalangan ing jurit.
18. Lawan saosa turangga,
putra Arab dimen nitih turanggi,
saksana wus baris tepung,
oreg sajro nagara,
ting baleber jalwestri geng alit dulu,
datan kena sinapiha,
kang arsa mulat prang tandhing.
19. Jejel atap kehing bala,
kandhih saking gebel kang aningali,
Unuk Marjaban sigra wus,
nitih pragalba pethak,

manjing papan amolahaken mongipun,
krura opyak giyak-giyak,
solahe anggigilani.

20. Mubeng sarwi muter gada,
gung aluhur tuhu ratu ngajrihi,
susumbar alaup-laup,
kadi bantheng katawan,
Prabu Sayid Ibnungumar nitih sampun,
turangga manjing kalangan,
dhasar wasis ing tatali.
21. Anyirig mider ing papan,
gebyar-gebyar kang cahya nuksmeng sasi,
lir Hyang kang darpa kadulu,
eram sagung tumingal,
kang mangkono wong Ngarab bedane iku,
ing Rokam siji mangsa na,
wong mangkene ules neki,
22. Eman mengko yen matia,
mbok tinebas ing dinar pitung kethi,
yen kena tinebas iku,
padha pinatung kathah,
Raja Unuk Marjaban mrepeki gupuh,
surake rame ngundhangan,
kadi udan sinemeni,
23. Mrepeki ngayati gada,
Ibnungumar meneng sigra marani,
duk tumiba gadanipun,
sinangga astanira,
tan bisabah gadane sampun karebut,
sigra Sang Unuk Marjaban,
masang tangkis ginalingsing.
24. Ginada Unuk Marjaban,
kang ingangge gadanipun pribadi,

jumbret bragalbanipun,
putung gigire rebah,
kapalesat Marjaban tiba kumabruk,
tangi sigra narik pedhang,
arsa medhang anulya glis.

25. Tedhak saking kudanira,
duk lumarap pedhange den tadhahi,
sinangga paglanganipun,
pedhang rinebut kena,
gya binuwang cinandhak wangkinganipun,
jinunjung Unuk Marjaban,
pinuter saengga bindi.
26. Neng asta kadi likasan,
dangu tinon ebat kang aningali,
sumebut binuwang muluk,
tibane tinadhahan,
wanti-wanti dadya onclang sebrang-sebrung,
kinarya pangeram-eram,
dangu binanting ing siti.
27. Maledug sariranira,
mor ing lemah Marjaban mor ing siti,
nora kalap wangkenipun,
Raja Gulangge tedhak,
angurmati kinanthi ing astanipun,
binekta mring panangkilan,
tinunggil nggenira linggih.
28. Ing amparan nawaretna,
angejepi marang Rekyana Patih,
Patih Baktiyar pinikut,
dosane milu dora,
anekseni kacekel paprangan iku,
Raja Sayid Ibnungumar,
mila Baktiyar ginodhi.

29. Binekteng talaga lintah,
pan ingekum lir kulah pan pasagi,
patang dhepa wiyaripun,
ingingon lintah kathah,
mot sakethi geng ageng sajanggel jagung,
cinemplungaken sadina,
jeginggis angenggik-enggik.
30. Baktiyar kaku kantaka,
wus ingentas tatu lir den sundepi,
ing kisi sewu nematus,
kemplurusen Baktiyar,
dheleg-dheleg alami tan bisa muwus,
wau Prabu Ibnungumar,
kalangkung dipun kurmati.
31. Dinekek sawiji prenah,
jroning pura sinunggu-sungga ngenting,
langkung apasubanipun,
pisalin warna-warna,
saben ari tinunggil dhahar Sang Prabu,
benjang yen eyang paduka,
prapta kula turken aglis.
32. Mila angger sampun susah,
yata kuneng gantya winuwus malih,
Pangeran Ismaya sunu,
lan sawadya sadaya,
geger dene icele denya buburu,
Mraja Sayid Ibnungumar,
busekan ingkang ngulati.
33. Amor tangis ingkang bala,
santanane saking kang ibu Sami,
prajurit kang para ratu,
bala Kaos nagara,
lir wanodya Sang Raja Artun Tartantun,
Sarsaban Pirkari suta,

galogo sami ninitik.

34. Miwah wau ingkang putra,
Sang Raja Rismunandar ing Betarti,
miwah ratu besanipun,
Tasmiten Johanpirman,
sami nangis lawan marasepuhipun,
Sang Prabu Tasangsulngalam,
Narendra Rum Burudangin.
35. Sami alara karuna,
pan sinebar bala kang aninitik,
mangkana wonten umatur,
marang Pangeran Kelan,
lamun wonten patilasaning wong nubruk,
tabete wong garejegan,
siji den but den kathahi.
36. Sadaya sami mariksa,
para ratu pantes sinambung budi,
nyata pantes wong nunubruk,
angling Pangeran Kelan,
wus mupakat puniki kang para ratu,
sigra ngupaya wong desa,
siji bekel kang danani.

18. PANGERAN KELAN NANTANG RAJA WUSKAHAR

Asmarandana

1. Dhusun panggenan piranti,
prajurit kang pitungdasa,
dinangu waleh ature,
inggih wonten putra Ngarab,
kang piniranten kena,
inggih dene Raja Unuk,
Marjaban sarta Baktiyar.
2. Wong Agung kalih ngakali,
Sayid Ibnungumar kena,
warti kaprenah wayahe,
mring Wong Agung Kakungingrat,
Nateng Kaos nagara,
pan sampun binekta laju,
dhateng nagari ing Rokam.
3. Sawusnya aturireki,
patinggi wus inguculan,
langkung kathah ganjarane,
dadya mangun aguneman,
wau Pangeran Kelan,
lawan sagung para ratu,
ing ngriku sami seseban.
4. Pra samya arebat pikir,
ecane kang linampahan,
Pangeran Kelan wuwuse,
Jeng paman Tasangsulngalam,
myang paman Kewusnendar,
miwah paman Alamdahur,
tuwin sagung para nata.
5. Matur Nateng Burudangin,
suwawi atur uninga,

ing rama andika angger,
Pangeran Amir Atmaja,
punapa sami rembag,
inggih kadya pikiripun,
Jeng paman Tasangsulngalam.

6. Sagung kang para narpati,
nauri inggih sadaya,
Pangeran Kelan delinge,
yen ta menggah kula paman,
puniku boten rembag,
paman Urmus lan Semakun,
inggih mupakat turira.
7. Pangeran ing Kaelani,
mila kawula tan rembag,
mewahi karentengane,
galihe raka paduka,
mentas kapaten putra,
anunten kelangan putu,
wateke raka paduka.
8. Sok nemah kedah ngemasi,
punika ingkang rineksa,
pindho papa sakantune,
inggih yen menggah kawula,
sami jujul mring Rokam,
saengenipun rinebut,
Anak Prabu Ibnungumar.
9. Nadyan tiwas prapteng pati,
paman kawula anemah,
apagut lan pun Gulangge,
sukur winehken arisan,
sagung kang para nata,
tan wonten mangsuli wuwus,
sami sumangga sadaya.

10. Nulya tengara Sang Pekik,
budhal nedya marang Rokam,
kadya samodra balane,
Ki Patih ing Kalakodrat,
Kalkal cucuking lampah,
Arismunandar sumambung,
lawan Prabu Johanpirman.
11. Nulya prajurit Kubarsi,
amor prajurit ing Kelan,
para ratu wuri kabeh,
lepas wau lampahira,
matur bala pangarsa,
katanggor wonten praja gung,
nenggih nagari Nglimaya.
12. Ratu kang darbe nagari,
nama Sang Raja Wuskahar,
mantune Prabu Gulangge,
punika ratu prakosa,
ratu andeling aprang,
kendel samya baris agung,
babahak baris tampingan.
13. Senapati ngemu runtik,
Pangeran Bakdingujaman,
sami babahak balane,
geger kuwur awurahan,
sagung bala Nglimaya,
wus apacak barisipun,
balane Raja Wuskahar.
14. Aneng jawi kitha nenggih,
kendel Pangeran ing Kelan,
sagung para ratu kabeh,
tinari ngaturna surat,
panantang ing ngayuda,
apa nungkul apa magut,

sira Sang Raja Nglimaya.

15. Sang Nateng Rum Burudangin,
matur ngger kula kewala,
kang ngaterena surate,
gathak gathuk padha tuwa,
pan boten kaloreyan,
yen jeng paman karsanipun,
kawula inggih sumangga.
16. Serat sampun den tampani,
angrasuk kaprajuritan,
anitih kuda ageme,
tinopongaken kakapa,
neng ngajeng kinanthongan,
kang kinarya genis wungu,
enggene palurante mas.
17. Sang Nateng Rum Burudangin,
mundur saking ing ngajengan,
sigra nyengklak turanggane,
adheyan marang jro kitha,
datan adangu prapta,
ing gapura korinipun,
nenggih saketheng kang wetan.
18. Andhodhog wong tunggu kori,
hel prajurit tunggu lawang,
wenganana dipun age,
matura ing gustinira,
iki caraka prapta,
wong tunggu lawang lumayu,
anander mring panangkilan.
19. Ratune lagya tinangkil,
wadya gung aglar ngayunan,
andangu mring papatihe,
sapa Patih ingkang prapta,

apa Sang Kakungingrat,
Raja Arab wartanipun,
ambedhah ing Kalakodrat.

20. Patih umatur wotsari,
ature abdi tampingan,
ingkang mariki putrane,
ambujung raka paduka,
Mraja Unuk Marjaban,
balane lir samodra gung,
langkung kalih dasa yuta.
21. Pangeran ing Kaelani,
kalih ewu para raja,
sami ratu gedhe-gedhe,
lawan ambekta kang paman,
Prabu Tasangsulngalam,
ratu sudibya prang pupuh,
kang darbe palurante mas.
22. Lagya sakeca denya ngling,
kang tunggu saketheng prapta,
matur wonten utusane,
satriya kang lagi prapta,
ngirid bala awendran,
satunggal utusanipun,
pantes adedeg parusa.
23. Athi-athi ngudhup turi,
respasi ngangge makutha,
kadi panganggening katong,
Raja Wuskahar ngandika,
iya sira lebokna,
tur sembah wong tunggu pintu,
anander saketheng prapta.
24. Sigra amengani kori,
Sang Prabu Tasangsulngalam,

anulya linebokake,
lah daweg nunten lajenga,
dhateng ing panangkilan,
ingantosan ing Sang Prabu,
maksih wonten panangkilan.

25. Sang Nateng Rum Burudangin,
lan kuda lajeng adheyan,
angawal kuda lampahe,
ngambah lulurung nagara,
cingak ingkang tumingal,
kang satengah ana muwus,
lah iya iku wong apa.
26. Ulese tuhu respati,
cara ratu busananya,
tan pantes lumaku dhewe,
semune liwat kareksa,
dudu wong kodhen ika,
iki patut pitung atus,
dinar ajine satunggal.
27. Wau lampahira prapti,
Sang Raja Tasangsulngalam,
manjing mring alun-alune,
manggung aneng ing turangga,
kagyat kang samya mulat,
neng taratag tepinipun,
kendel mudhun saking kuda.
28. Tinuntun turangganeki,
marang ngarsane Sang Nata,
kinewer kang palurante,
nyandhak kursining punggawa,
sinuntak wonge tiba,
binekta minggah babatur,
ngajenge Raja Wuskahar.

29. Pandharate den linggihi,
lajeng mendhet seratira,
saking jaja jro bajone,
lah enya Raja Wuskahar,
layange Gustiningwang.
Pangeran Ismaya sunu,
gededhug putra Kuparman.
30. Serat sampun den tampani,
gawok jomblong kang tumingal,
durung nemu wong mangkono,
polahe lumaku duta,
nora nana tinaha,
nora taklim marang ratu,
manaweku malaekat.
31. Ujar agama Ibrahim,
padha sugih malaekat,
baya iki kongkonane,
kang bedhah ing Kalakodrat,
tatane Raja Arab,
tan ana wani anyaru,
kinendelaken kewala.
32. Wau duk maos kang tulis,
wau Sang Prabu Nglimaya,
penget iki surating ngong,
puji mring jawalangajya,
kapindho mring utusan,
Nabi Ibrahim kang mashur,
kang mangku sarengat mulya.
33. Pangeran ing Kaelani,
Amir Atmaja Kuparman,
wruhanira sanga katong,
ing lakunira angambah,
marang nagaranira,
pan ingsun iki buburu,

marang si Unuk Marjaban.

34. Nggawa pupulunan mami,
ya Ki Sayid Ibnungumar,
iya Sang Raja king Kaos,
cinidra Unuk Marjaban,
ginawa marang Rokam,
pan iku paripeanmu,
padha mantu Rajeng Rokam.
35. Yen sira rep awet urip,
alungguh karatonira,
susulen ipemu kuwe,
aturna bandan maringwang,
lan kaponakan ingwang,
nuli aturna maringsun,
lamun nora mangkonoa.
36. Yekti sun pisah tumuli,
nyawa saking badanira,
nora tutug pamacane,
sinebit sebit kang surat,
Wuskahar langkung duka,
macicil bengis amuwus,
tegese nora na lanang.
37. Mung Pangeran Kaelani,
Sang Prabu Tasangsulngalam,
mulat rinusak surate,
sumaput panon tumedhak,
sigra nitih turangga,
pasuryanira kumutug,
angoser palurante mas.
38. Sinabet Sri Narapati,
keni Sang Raja Wuskahar,
kabuntel ing palurante,
kalawan amparanira,
ingubetaken angsal,

cagak taratag kasaut,
undure pamuterira.

19. NAGARI NGLIMAYA BEDHAH DENING PRABU TASANGSULNGALAM

Durma

1. Wus maledug balunge Rajeng Nglimaya,
gegere ponconiti,
prajurit rumagang,
mulat gustine pejah,
anempuh peksa ngebyuki,
palurante mas,
pinuter siyutnya glis,
2. Wus karangkut prajurit para satriya,
luluh kinoser siti,
sangsaya gambira,
Prabu Tasangsulngalam,
kang palurante mas ngirid,
bajrangin gora,
riwut bayu nangkebi.
3. Siwat-siwut andadra pamuterira,
Nateng Rum Burudangin,
mungsuhe atusan,
tumpes kang aneng ngarsa,
ing wuri prapta ngebyuki,
pinalu rebah,
balasah bosah-basih.
4. Taratage rambat pan maledug sirna,
renyuh awor lan jisim,
padhang ing ngayunan,
sigra Tasangsulngalam,
mulat ing pawonireki,
akeh bebethak,
ngingoni wong anangkil.
5. Kidul wetan saking sitinggil katingal,

wonten satus wismeki,
ageng-ageng samya,
geni samya lah-olah,
pinaran ing Sri Bupati,
sinabet sigra,
winuwung saking nginggil.

6. Lajeng nengah maledug sumyur ing wisma,
mabul mumbul kang agni,
renyuh pitu pisan,
dadya urub-uruban,
dahana nurut ing langit,
sajroning pura,
gempur katiban agni.
7. Mabul-mabul andadi angalad-alad,
mulad-mulad anapis,
geger bilulungan,
Prabu Tasangsulngalam,
eca denira nyabeti,
angeri nganan,
wus kathah kang ngemasi.
8. Cinaritakaken kang ahlulkikayat,
Nateng Rum Burudangin,
mateni manusa,
duk neng panangkilan,
tigang ewu winitawis,
ingkang kairas,
duk saking pancaniti.
9. Pira-pira wong kapir ingkang kapapag,
wong Nglimaya prajurit,
sami sinumedan,
ewon kang aneng ngarsa,
miwah kang mati ing geni,
sajroning pura,
bangke datanpa wilis.

10. Kadi guntur wimbuh swara mawurahan,
lir rug wukir sakethi,
puter barung swara,
kadi manenger wiyat,
wuwusen kang aneng jawi,
Pangeran Kelan,
lang sagung kang para ji.
11. Kagyat maras jro kutha swara gumerah,
awor kalawan geni,
bala tur uninga,
estu lebeting kitha,
pasthi swaraning kang jurit,
rama paduka,
Nateng Rum Burudangin.
12. Kabaranang kadi mila temah aprang,
sigra tengara nitir,
sagung pabarisan,
kabeh sami tengara,
Jeng Pangeran Kaelani,
tan nganti bala,
sebut nitih turanggi.
13. Nander mamprung miwah ingkang para nata,
nora nganti prajurit,
anander sadaya,
wau ta kang ayuda,
numpesi saurut margi,
rampes karampas,
bangke samargi-margi.
14. Kadya yeksa sewu solahing ngayuda,
Nateng Rum Burudangin,
prapteng ing gapura,
tutup sakethengira,
prajurit kang jaga kori,
sami umangsah,

kinoser palu tapis.

15. Gapura gung sinabet korine rebah,
lajeng korine sami,
sumyur kinoseran,
luluh rata lan lemah,
rinata ing kanan kering,
rong puluh dhepa,
wau kang lagi prapti.
16. Pangeran ing Kelan mulat ingkang paman,
eca angrata kori,
gugup raja putra,
paran puniki paman,
ing solah paduka jurit,
alon turira,
ratune sampun mati.
17. Punggawane tumpes aneng panangkilan,
nulya kathah kang prapti,
ingkang para nata,
wonten satus lingira,
Jeng Pangeran Kaelani,
suwawi paman,
wangsul kularsa peksi.
18. Sami lajeng neng ngarsa Tasangsulngalam,
bangke samargi-margi,
ting karanthuk samya,
ing wuri para nata,
ningali saurut margi,
wangke balasah,
satengah sami angling.
19. Nyata ngebataken pratingkahing yuda,
Nateng Rum Burudangin,
Pangeran ing Kelan,
mesem samarga-marga,

jeng paman iki medeni,
ya ngendi ana,
wong siji anguwisi.

20. Bedhah praja teka nora nganggo bala,
gumujeng kang miyarsi,
Kubarsi Narendra,
asru pamuwusira,
sun puji ki lurah iki,
dhasar kaliwat,
bangete ing ngajurit.
21. Ana wadya kang nedya mring panangkilan,
kang lagi amiyarsi,
mulat ana prapta,
kuda satus watara,
ing wuri anggili,
ngiwa umpetan,
dudu wadine iki.
22. Prapteng panangkilan cingak kang tumingal,
bange sungsun atindhih,
babalung anjeprah,
ing kang pating palesat,
maledug taratag gusis,
tabeting aprang,
sabaya bosah-basih.
23. Ing jro sirep dahana manjing kadhatyan,
Pangeran Kaelani,
lawan para nata,
sami dharat kewala,
kuda tinilar ing jawi,
amamariksa,
wangunan ing jro puri.
24. Sirna geseng amung kebon patamanan,
kang ngungsi sami urip,

garwane Sang Nata,
lan kadange taruna,
Putra Gulangge nameki,
Dewi Rubinah,
Wuskahar garwaneki.

25. Arinipun Wuskahar ingkang taruna,
Ni Dewi Kaharmayi,
kapanggih neng taman,
nyatus parekanira,
amung ingkang maksih urip,
sampun tinawan,
wau ta ingkang prapti.
26. Sagung bala kuswa gumuruh sapraja,
sami kanggenan kalih,
jejel samya suka,
manah ing dasih samya,
dene amanggih nagari,
masih wutuhan,
sabarang sarwa manggih.
27. Pasanggrahanira aneng Sitibentar,
Pangeran Kaelani,
Sri Tasangsulngalam,
Lamdahur Kewusnendar,
makuwon ing pancaniti,
kang aneng pura,
ing taman kang den nggoni.
28. Ingkang raka lawan kang rayi punika,
kalih Nateng Kubarsi,
pinanggihken lawan,
randhanira Wuskahar,
Gulangge kang duwe siwi,
panggih kalawan,
Maliyatkustur nenggih.

29. Wrahatkustur panggih lan kadang Wuskahar,
Ni Dewi Kaharmayi,
saking aturira,
Prabu Tasangsulngalam,
ing Pangeran Kaelani,
ipe kalihnya,
ngaturan narimani.
30. Mila Wrahatkustur kalawan kang raka,
Maliyatkustur sami,
makuwon ing taman,
sami among asmara,
bala Nglimaya gung alit,
nungkul sadaya,
sampun salin agami.
31. Wonten ingkang bupati tan purun Islam,
titiga sami ngungsi,
mring nagari Turgan,
sami pripeanira,
kang nama Raja Kasinggi,
wawadulira,
yen ingkang rama mangkin.
32. Ing Nglimaya sira Sang Raja Wuskahar,
pejah tumpes saabdi,
kadrojog ing mengsah,
tumpes prajuritira,
putra Rab kang bujung nenggih,
Unuk Marjaban,
Pangeran Kaelani.
33. Dadya undhang baris tugur saha bala,
sira Raja Kasinggi,
utusan tur priksa,
mring raka paripean,
ing Burtun Raja Ungkadi,
yen mengsah prapta,
putra gambuh ing jurit.

20. PANGERAN KELAN KINTUN SERAT DHATENG RAJA KASINGGI, RATU ING TURGAN

Gambuh

1. Wau Sang Nateng Burtun,
parentah pacak baris atugur,
sabalane sira Sang Raja Ungkadi,
angiseni toyanipun,
ing lalaren kang wus ajro.
2. Prajurit aneng panggung,
yata wuwusen Sang Rajeng Burtun,
tur uninga utusan Raja Ungkadi,
marang ingkang marasepuh,
mring Rokam Gulangge Katong.
3. Yen ana mungsuh rawuh,
putra Ngarab Pangeran Ismaya sunu,
kalihdasa yuta prajuritireki,
nagri ing Nglimaya gempur,
tan kuwat mapag prang popor.
4. Ratune agung-agung,
padha prakosa sekti dibyanung,
ratu andel ngiring Pangran Kaelani,
Gajimandalika Uktur,
wegah amungsuh marono.
5. Wau ta kang winuwus,
wau Pangeran Ismaya sunu,
budhal saking Nglimaya sawadyaneki,
Sang Raja Maliyatkustur,
lan Wrahatkustur wong loro.
6. Aneng Nglimaya kantun,
lagya ngayomi nagri puniku,
ratu kalih anapis agamaneki,
bala ing Nglimaya durung,

warata pating balentong.

7. Yen wis antara nusul,
yata budhale Sang Raja Sunu,
tigang dina ing marga datan winarni,
nagara Turgan prapteku,
ing ngriku wus ngatos-atos.
8. Ingkang jaga neng pintu,
milih bupati kang tata punjul,
yen ayuda tinuduh sami nenggani,
neng kori sakethengipun,
Arbagung prajurit atos.
9. Wau ta Raja Sunu,
kendel makuwon sawadyanipun,
lawan sagung para nata amiranti,
wong desa kang kambah mawur,
maledug ajrih kaboyong.
10. Ing pawarta misuwur,
yen mengsah kang prapta agung rusuh,
ora kena den teluki amateni,
bramatya wong agungipun,
milane sami beboyong.
11. Purwane banget rengu,
iya dene kaponakanipun,
kang cinidra buburu aneng wanadri,
Unuk Marjaban puniku,
miwiti pangulah awon.
12. Busekan gezeripun,
kang ngungsi gunung ngili den elud,
mila kathah angungsi jro kitha sami,
wau ta ratune sampun,
ing Turgan prayitneng kewoh.
13. Gulangge wus angrungu,

lamun mengkonono tingkahing mungsuh,
ingundhangan iku aja ninimbangi,
wong amuring-muring nepsu,
kaponakane den colong.

14. Marjaban laku dudu,
arep ngilangken prawiraningsun,
ngasoraken marang kaluhuran mami,
mulane binanting ajur,
marang Sanga Prabu Kaos.
15. Dimene iku rawuh,
putra ing Kelan neng prajaningsun,
langkung alus Gulanggge denya nampani,
bramatyane raja sunu,
gantya malih winiraos.
16. Pangeran Ismayasunu,
pikir ana ing pakuwonipun,
aglar sagung prawira mirah para ji,
anrendra katri tinantun,
ngandika Sang Prawira Nom.
17. Mapan Prabu Lamdahur,
lan paman Kewusnendar ing rembug,
miwah ta jeng paman ing Rum Burudangin,
menggang praptane sratingsun,
mring mungsuh kang para katong.
18. Punapa salin tembung,
miwah asalin ingkang lumaku,
pan kagengen jeng paman ing Burudangin,
kapindho manawa saru,
ratu agung sok kinongkon.
19. Sasat sariranipun,
jeng paman ing Burudangin iku,
lawan rama Wong Agung Surayengbumi,
Sang Nateng Rum aturipun,

angger tan kenging ginentos.

20. Pan sampun kadi kaul,
lampah puniki ingkang jinujul,
putra tuwin Ki Prabu Kaos nagari,
tambah mati uripipun,
mila ngger sariraning ngong.
21. Sagung serat pupucuk,
kula pribadi ingkang lumaku,
pan kasedya dadia lamaking jurit,
benjing yen panggih pukulun,
Putra paduka ing Kaos.
22. Punika mantun nepsu,
ngandika malih Ismaya Sunu,
yen mekoten tembungé serat nyalini,
Raden Ngamdani tinantun,
kakang mas paran ing raos.
23. Raden Ngamdani matur,
raos puniki sampun datipun,
para ratu kalebet kang tanah ngriki,
caluthaking nepsu lengus,
sanès lawan para katong.
24. Tanah Ajam pukulun,
Bawahangin samya alus-alus,
Ngatasangin ingkang ler kilèn ing ngriki,
galak-galak kirang alus,
kirang jatmikaning katong.
25. Apan wajib pukulun,
nembung ngidak yen maksih amungsuh,
nakaburi nungkuli amrih den jrihi,
dene ta yen sampun nungkul,
wajib ngapura angemong.
26. Ngenakken ing tyasipun,

nuli binatin sakaliripun,
wajib ngandel santosa marang Hyang Widhi,
jajaning Hyang Maha Luhur,
angandel tilasing mungsoh.

27. Mundhak darajatipun,
karana tapa nungkuling mungsuh,
karsaning Hyang angganjar kang den teluki,
yen uwasa dadi ukum,
pangandel maring Hyang adoh.
28. Yen maksih dadi mungsuh,
amrih nekaburi dimen emut,
supaya jrih inggih nungkula sarta ris,
utama pinrih rahayu,
aywa kongsi prang rerempon.
29. Sumambung para ratu,
aleres raka tuwan pukulun,
aturipun punika Raden Ngamdani,
mesem angandika arum,
sampun mupakat pra katong.
30. Kakang Ngamdani gupuh,
inggih damela serat pupucuk,
kula dhateng inggih pun Raja Kasinggi,
Ratu ing Turgan puniku,
kadi kang sampun kalakon.
31. Raden Ngamdani sampun,
akarya serat dadi tan dangu,
pan puniku kang nama Raden Ngamdani,
Menak Abas kang susunu,
limpad lan bapakne kaot.
32. Serat dadya wus katur,
mring putra Kelan sinungken sampun,
tinampunan mring Sang Prabu Burudangin,
wus lengser saking ing ngayun,

mangsah mring Turgan kadhaton.

33. Amung lan kudanipun,
adhean ngawal turangganipun,
prapteng kori saketheng aminta manjing,
kang tunggu Raja Arbagung,
saleksa prajurit atos.
34. Tanya Raja Arbagung,
wong ngendi prapta tan mawi batur,
jaluk lawang ingsun nora amengani,
yen tan sajarwa lakumu,
iya tutura maring ngong.
35. Heh aja sira tambah,
iya dutane satriya ingsun,
putra Kelan kang prapta ing kene iki,
yeku kang ngirid wadya gung,
kang akongkon marang ingong.
36. Angling Raja Arbagung,
iya tutura dhingin maringsun,
lamun nora mangkono sira tan manjing,
bramatya Sang Prabu ing Rum,
Burdangin mungkur megos.

21. NAGARI TURGAN BEDHAH

Pangkur

1. Angulur palurante mas,
nitih kuda lalaren den lumpati,
sinabet gapuranipun,
maledug ting palesat,
gapit wesi jeplok sadaya sumawur,
gapura sirna wus padhang,
geger prajurite sami.
2. Sang Prabu ing Rum tan kewran,
kinebulan eca denya ngoseri,
bata kiwa tengenipun,
kari rata lan lemah,
sigra mangsah sira Sang Prabu Arbagung,
aneng kuda ngundha gada,
ginadi Sri Narapati.
3. Duk lumarap binarengan,
sinabet ing palurante wus keni,
kabuntel ing ubetipun,
lawan turangganira,
kinoserken marang mungsuh kang ngarubut,
atusan rebah balasah,
Arbagung dadya ginitik.
4. Lan kuda balunge remak,
pira-pira anake kang prajurit,
kena balunge Arbagung,
kang mara-mara lunas,
angelasah saleksa kedhik kang kantung,
tumpes tapis kang agesang,
ngisis kekes mawur miris.
5. Lumayu mring panangkilan,
sapejahe Arbagung lajeng aglis,

sira Sang Prabu Tasangsul,
ngalam mring panangkilan,
kang lumayu kang tunggu saketheng sampun,
prapta ngarsane Sang Nata,
ngandika Raka Kasinggi.

6. Heh wong tunggu lawang sapa,
sira prapta gupuh pating karempis,
pukulun wonten wong rawuh,
sawiji nedha lawang,
datan suka dasih paduka Arbagung,
bramatya tiyang punika,
gapura sinebit-sebit.
7. Mawur rebah anggelasah,
bata kiwa tengen kori sirnanging,
kinoser ing rantenipun,
rata kalawan lemah,
dereng tutug ature wong tunggu pintu,
noli wonten katingalan,
lah punika ingkang prapti.
8. Manggung denya nitih kuda,
nguwuh munggeng tepi taratag nenggih,
heh endi papatihipun,
iya nagari Turgan,
tampanana iki srat sun suthik medhun,
lagi kancamu sikara,
kang tunggu saketheng sami.
9. Ki Patih lumayu sigra,
tinampanan sratnya Sri Burudangin,
amapan turangganipun,
wus katur suratira,
sira Raja Kasinggi maos sratipun,
tembunge canthula sabda,
tan tutug lajeng sinebit.

10. Krodha Sri Tasangsulngalam,
mulat ingkang serat sinebit-sebit,
ngoset palurantenipun,
sumebut ngetab kuda,
praptanipun ngarsa sinabat Sang Prabu,
ingubengaken mangiwa,
pinuter manengen malih.
11. Raja Kasinggi wus kena,
sinabetken taratag Sri Bupati,
Raja Kasinggi maledug,
rinamped panangkilan,
tarub rambat sirna lan manusanipun,
geger gumuruh sapraja,
sigra Pangran Kaelani.
12. Nander lan sapara nata,
wruh ing adat yen rame jro kitheki,
pasthi kang paman angamuk,
wau Pangeran Kelan,
prapteng lawang saketheng lan para ratu,
wus panggih rebah belasah,
lajeng maring pancaniti.
13. Prapta maksih leng-ulengan,
sigra napung prajurit kang para ji,
Pangeran Ismayasunu,
lajeng anarik pedhang,
mangsah nengah kang anitih sigat-sigut,
riwut Prabu Kewusnendar,
kadi bantheng tawan kanin.
14. Lamdahur pangamukira,
tumpes ingkang sami katiban bindi,
gusis kang kari maledug,
akeh kacandhak gesang,
sami nungkul aminta teteping umur,
babandan pating karencang,

satriya kang pra dipati.

15. Kendel wau kang ayuda,
pejahira sira Raja Kasinggi,
para ratu sami dulu,
awor lawan dhampar mas,
balungira remak lan emas akumpul,
putra Kelan manjing pura,
ingiring para narpati.
16. Ing wuri wus sami prapta,
baris ageng jejel Turgan nagari,
wau kang manjing kadhatun,
putra Kelan anjajah,
jroning pura linap gangsa isinipun,
Raja Kasinggi kang garwa,
putrine Gulangge singgih.
17. Piningaken punika,
Prabu ing Talsiyah Sri Banuarli,
Dewi Bayansih puniku,
arine kalih sira,
Rajeng Turgan Dewi Kasikin kang sepuh,
kang anem Dewi Kasirat,
pinaring putreng Santari.
18. Atmaja Iskal Iskalan,
tinariman Kiswarin lan Diswarin,
branane pan sampun dinum,
mangkana putra Kelan,
paparentah nyalini agamanipun,
warata sawadya Turgan,
sarengat Nabi Ibrahim.
19. Tigang dina aneng Turgan,
prapta ingkang nusul Rajeng Kubarsi,
Sang Prabu Maliyatkustur,
lan Wrahatkustur samya,

- wus anunggil tigang yuta barisipun,
kang saking nagri Nglimaya,
mangkana budhal Sang Pekik.
20. Saking nagari ing Turgan,
tigang dina lampahe baris prapti,
sapinggir kutha ing Burtun,
gegere abusekan,
Raja Urmus lan ari Prabu Semakun,
ing kang manganjuri lampah,
Patih Kalkal tuduh margi.
21. Wong desane sirna giras,
wus miarsa tingkahe mungsuh prapti,
nagri kakalih ginempur,
putreng Kelan tan suda,
bramatyane angiwung sabalanipun,
balane rongpuluh yuta,
nora kena den tadhahi.
22. Mamring Burtun jawi kitha,
uyel sami jro kitha tumut baris,
wau Sang Prabu Semakun,
wus angawet barisnya,
marepeki rinampet pra wadyanipun,
Patih Jedi bedhil kaca,
bisa ngrebah panggungneki.
23. Sang Nateng Burtun winarna,
ingaturan dening sagung prajurit,
suwawi methuk pukulun,
jawi aprang babanar,
inggihi wonten ombere boten kasusu,
kadi kang wus kalampahan,
rayi paduka kakalih.
24. Tumpes kang wonten jro kitha,
anuruti sira Raja Ungkadi,

budhal tan dangu kapethuk,
bala atur uninga,
wus rinampid bata kitha mengsah rawuh,
pucuke Rajeng Gumiwang,
lan Raja Wuawulangit.

25. Wadya tuwan sampun aprang,
panggung rebah sami binalang api,
senapati dereng rawuh,
nenggih putra ing Kelan,
lir samodra praptena bala gumulung,
adhegus boten kasandhung,
paduka nadhahi jurit.
26. Wus kasompok budinira,
sami dhedheg baris lebeting kori,
Raja Ungkadi amanggung,
neng luhuring dipangga,
prajurite sakethi pepenedipun,
rumab miyarsa wartanya,
balane Sang Anom Pekik.

22. RAJA UNGKADI ING NAGARI BURTUN PEJAH DENING PRAJURIT KUPARMAN

Sinom

1. Datan kena tinanggulang,
ngandika Raja Ungkadi,
paran ingsun suminggaha,
agawe nisthaning bumi,
uwus kocap prajurit,
milane pinundhut mantu,
ing Sri Bupati Rokam,
nedya ngoncatana jurit,
sedheng asap mati ngrungkebi nagara,
2. Wau ta kang sampun prapta,
Sang Nateng Rum Burudangin,
panggi lan Nateng Gumiwang,
Prabu Semakun lingnya ris,
kakang Prabu puniki,
kumreseking swaranipun,
kadi ratune arsa,
nedya prang methuk ing jawi,
nanging inggih kapengkok prapta kawula.
3. Mila jroning bata kitha,
mila kumresek prajurit,
swaraning kuda dipangga,
angling nateng Burudangin,
angger inggih suwawi,
prajurit kang para ratu,
wadya tuwan Gumiwang,
angayapa sampun tebih,
lan paduka kula rebahne korinya.
4. Ngetab turangga malumpat,
Sang Nateng Rum Burudangin,
Prabu Semakun tut wuntat,

lan Raden Asimkatamsi,
lan kang uwa tan tebih,
mila uwa basanipun,
manut ibu kewala,
mendhet ing basa pribadi,
sakadange putra Mbyah basane paman.

5. Sigra anabet gapura,
Sang Nateng Rum Burudangin,
sumyur mawur ting palesat,
rebah rata lawan siti,
kinoser bataneki,
prajurit jro kitha kagum,
geger arang kang mangsah,
kasisan Raja Ungkadi,
amung kantun satriya lan pra dipatya.
6. Lajeng tempuh ing ngayuda,
ubekan uyel kang jurit,
Sang Prabu Tasangsulngalam,
ngoser paluranteneki,
kadya andaru keksi,
sewu sareng tibanipun,
Prabu Semakun lawan,
Rahaden Asimkatamsi,
samy a murid ingajar palurante mas.
7. Sang Prabu Tasangsulngalam,
nyabet ing Prabu Ungkadi,
karangkud turangganira,
sinendhal pinuter ngering,
rapet lir den pijeri,
kang palurante kadya rut,
tinarik sampun remak,
renyah Sang Rajeng Ungkadi,
ajur lawan dipanggane sampun pejah.
8. Kiwul satriya punggawa,

gusis pinalu sirnanting,
pamuke Tasangsulngalam,
Semakun Asimkatamsi,
tan dangu wus resik,
mungsuh lunas kang kapagut,
ing wuri kathah prapta,
Putra Kelan senapati,
prapta sareng Lamdahur lan Kewusnendar.

9. Lajeng nalabung ing yuda,
pejahe Raja Ungkadi,
aneng pipining gapura,
prajurite pra dipati,
tapis tan ana kari,
satriya santananipun,
lajeng putra ing Kelan,
sapraptane pancaniti,
putra Kelan kendel neng panguntur satya.
10. Prabu Yujana dinuta,
lawan Prabu ing Serandil,
anacah isining pura,
wonten putrine Ungkadi,
nama Dewi Kudartin,
mring Gulangge putunipun,
arinipun satunggal,
anama Retna Kadirin,
ing jro pura parekanira saleksa.
11. Kang baris ageng wus prapta,
jejel ngebeki nagari,
ing Burtun kadya suwak byak,
sesak wadyaning para ji,
ing ngriku rerep lami,
ki putra lan para ratu,
Dewi Kudartin ika,
putrine Raja Ungkadi,
pinaringken maring putra ing Yujana.

12. Dene arine punika,
kang nama Dewi Kadirin,
kadang Ungkadi taruna,
ayu warnane sang putri,
pinaringken wus panggih,
lawan Kodrat Samadikun,
putri Gulangge panggya,
ibune Dewi Kudartin,
panggih lawan Sri Bupati Kewusnendar.
13. Ibu panggih lan kang rama,
putrane lan kang putra panggih,
Kaharkusmen lan kang putra,
sira Ni Dewi Kudartin,
ibunira kakasih,
Ni Bayansih manis ayu,
sami putri ing Rokam,
putra kang sepuh pribadi,
panggulune kagarwa Unuk Marjaban.
14. Nuli garwane Wuskahar,
arine garwa Kasinggi,
pelag-pelag suwarnanya,
Gulangge putrinireki,
nanging kapara sami,
ageng luhur dedegipun,
dhongah-dhongah sadaya,
warata sengoh amanis,
sedhep-sedhep tan ana saru satunggal.
15. Neng ngriku mangkana lama,
Putra Kelan senapati,
jangkep sangawelas dina,
denira nata agami,
ageng Raja Ungkadi,
karatone sami mantu,
wusnya radin sadaya,
budhal Pangran Kaelani,

saha bala mrepeki prajurit Rokam.

16. Ratu tetelukan anyar,
pra samya barepi baris,
sami saos pasanggrahan,
wonten ing bukit Kudami,
laut saking ler keksi,
angilen kang samodra gung,
anjog ing Jaminigrat,
lere Jaminigrat nenggih,
pasabrangan kitha ageng Jamintoran.
17. Punika nagri wus Islam,
sampun agama Ibrahim,
duk alame Nabi Iskak,
denya agama Ibrahim,
tan owah malah mangkin,
nanging kiwa tengenipun,
tigang praja punika,
sami Nuh agamaneki,
ingkang datan kareh nagri Jamintoran.
18. Mangkana nagari Rokam,
sami nut agamaneki,
agama langkung raharja,
ageng patute prayogi,
saler kilen jaladri,
sakidule kitha gunung,
kilen wetan dharatan,
saparan-parane radin,
ingkang sami kanggenan praja manusa.
19. Sakidule wukir Rokam,
watara samadya sasi,
mangilen sawulan pisan,
sami prajaning dhedhemit,
nadya manusa sami,
mila tekade lelembut,

caraning pangalapan,
sapangilen urut wukir,
titimbangan kalawan nagari Rokam.

20. Sapangilen sapangetan,
sagung jajahan kang radin,
sami kareh maring Rokam,
kang lalakon tigang sasi,
prapta ing patang sasi,
sanadyan pitung sitengsu,
sami ngidhep ing Rokam,
nadyan tan atur upeti,
pangidhepe sayekti dhateng ing Rokam.
21. Saking tan ana kuwawa,
nandhang wawrating ajurit,
kaprawiraning ayuda,
wingwrin ratu kahan kering,
lawan ta dedeg neki,
Gulange langkung gung luhur,
satus sawidak egas,
sembada godheg pacuri,
ajejenggot sahasta bebrengos capang.
22. Lir tembaga sinepuhan,
saliranira Sang Aji,
rema bakung sabopongan,
wang malang amupu gangsir,
sacengkang wulu alis,
mangkorog anguler taun,
netrane kadi macan,
gilap lir mutyara peksi,
wulu asta mangkorog anguler tambang.
23. Wulu simbar munggeng jaja,
sumingkal bundhet angisis,
upami yen asiyunga,
ngeblegi kadya raseksi,

nanging Gulangge Aji,
yen butaa buta bagus,
waja urip gumilap,
angrangap methel tinarik,
yen gumujeng gumleger anggiri gora.

24. Sembada prakosanira,
mandraguna ing ngajurit,
sami ambek aprang wantah,
tangkepe Sri Narapati,
sinembah ing para ji,
ratu sewu kawanatus,
sami wisma ing Rokam,
dadya punggawa para ji,
akeh samya anggelaraken prang kemat.
25. Amung Gulangge tan arsa,
ing reh culika ing jurit,
mung balane keh linilan,
yen adoh lawan Sang Aji,
yen prang ngarsanireki,
tan kena alampah dudu,
langkung ambek pasaja,
Gulangge tuhu prang yekti,
durung ana Bawahangin para nata.
26. Miriba dedeg sang nata,
miwah kang undha usuki,
gunge sanadyan jajahan,
para ratu Atasangin,
amung ingkang ngungkuli,
Gajimandalika Uktur,
dudu ratu manusa,
yen manusa kang sairib,
amung Ratu Jaminambar Saesalam.
27. Ratu kang mukir ing suksma,
ngaken Rabusamawati,

sakilening Jaminambar,
wates surup sang hyang rawi,
tan wonten ratu malih.
ratu ingkang nama agung,
sinembah para raja,
ingkang wonten tunggil wangkit,
ratu agung amung nagari ing Rokam.

28. Jajahaning Jaminambar,
aleksan ingkang para ji,
kabeh ngidhep Jaminambar,
kuneng ta wuwusen malih,
Prabu Kelan wus prapti,
lan sawadya para ratu,
jajahan nagri Rokam,
masanggrihan ing Kudami,
papan wiyar radin ngungkurken bangawan.
29. Anengenaken samodra,
angiwakaken kang wukir,
angungkuraken kang wana,
karasan ingkang wadya lit,
datan kirang kang bukti,
sarwa murah keh tinuku,
nagar langkung arja,
pasir wukir loh jinawi,
padesane gung-agung keh palakirna.
30. Saben desa gung aleksan,
isine ewon desa lit,
kang kinarya pasanggrahan,
punika dhusun Kudami,
panggenan sang bupati,
kang atengga bandar laut,
anama Ki Bujahar,
wonten wisma tigang kethi,
kadi kutha kokojor wisma Bujahar.

31. Sami ngungsi ing jro kitha,
gusis tan ana wong siji,
aja na wong munasika,
ing praptane baris iki,
ratu wijining suci,
Puserbumi tukang alus,
panggenane raharja,
den padha amrih basuki,
parentahe Gulangge Narendra Rokam.
32. Malah akeh kang asaba,
adol papanganan laris,
wong desa kang ngupajiwa,
gili ing wong saben ari,
Putra Kelan ngundhanggi,
iki wis ngambah praja gung,
aja begbaya miwah,
ambabahak desa siji,
prapta nggene ratu agung langkung tata.
33. Gulangge durung karuwan,
lamun iku angukuhi,
marang Sayid Ibnungumar,
mangkana sagung para ji,
sowan ing Raden Mantri,
aglar ing tatarub agung,
lagya mangun pirembag,
kang badhe ngaturken tulis,
kinukuhan maksih Sri Tasangsulngalam.
34. Dereng suka ginentosan,
Nateng Rum ing Burudangin,
Putra Kelan angandika,
mring raka Raden Ngamdani,
kangmas karya tulis,
bedanen lan mau-mau,
ratu agung prakosa,
ngawulakaken para ji,
canthulane woren lan manising krama.

23. PANGERAN KELAN NONJOK SERAT PANANTANG DHATENG PRABU GULANGGE ING ROKAM

Dhandhanggula

1. Wus akarya srat Raden Ngamdani,
datan antara dadi kang serat,
katur wus piningake,
mring Sri Bupati ing Rum,
Burudangin wus den tampani,
Sang Prabu Johanpirman,
kinanthecken sampun,
nistha lamun satunggila,
mring Narendra Agung karatonireki,
taklim manut ing krama.
2. Sigra lengser Sang Narendra kalih,
saking ngarsane Putra ing Kelan,
amung sami lan kudane,
Gulangge wus angrungu,
badhe wonten caraka prapti,
mijil ing panangkilan,
busana kaprabun,
munggeng singasana retna,
aglar munggeng ngayunan ingkang para ji,
kadya prabata sekar,
3. Koyup kucem sagung kang para ji,
karoban ing prabaning narendra,
surya ker Prabu Gulangge,
pan kadya Wanakirun,
meh aniksa umat kang silib,
kanan keri ampilan,
kang gada gung-agung,
kalih wrat ngrongewu dthomas,
durung ana gagamane kang para ji,
kadya Gulangge Rokam.

4. Amakutha mawi gandhawari,
krawisthane mubeng angrong hasta,
capang-capang palengkunge,
tinurut ing herlaut,
garudhane sotya hergeni,
ageng sawoh pidhadha,
lir baskara murub,
anepung gilaping netra,
durung ana Ngatasangin Bawahangin,
pratingkahing narendra.
5. Busanane kaprabon narpati,
tuwin kapraboning prang mangsa na,
kadya Sang Prabu Gulangge,
wau wong tunggu pintu,
matur wonten caraka prapti,
dutane Putra Kelan,
kakalih kang rawuh,
Prabu Gulangge ngandika,
heh Apatih papagen caraka prapti,
Ratu Gung dadi duta.
6. Patih Bakubaham awotsari,
lengser Gulangge mundhut amparan,
kakalih prapta ngarsane,
Kyana Patih wus pangguh,
nulya sami ngancaran inggih,
paduka tumanduka,
ing ngarsa Sang Prabu,
kagyat pinethuk ing krama,
sareh ngandhap keju tyas Sri Burudangin,
lan Prabu Johanpirman.
7. Turanggane bupati nyekeli,
tinuntun munggeng keru ing ngarsa,
aneng pinggir taratage,
kendele kudanipun,
duk tumingal Sang Prabu kalih,

Gulangge anjenggarang,
gumleger anguwuh,
heh Prabu kalih banjura,
den apareg ing kene lungguh lan mami,
wau duk amiyarsa.

8. Ing swarane Gulangge Narpati,
Tasangsulngalam lan Johanpirman,
sarta katingal dhapure,
kalih bayune racut,
Sri Narendra Rum Burudangin,
eram pan durung mulat,
dhapuraning ratu,
samy pucet netya biyas,
mundhuk-mundhuk gumeter ajrih ing batin,
majeng mangga pineksa.
9. Cinaranan sinorog pribadi,
kang amparan ing ngriki Sang Nata,
lingira Prabu Gulangge,
nyandhak amparanipun,
pan binekta linggih anebih,
ulap Tasangsulngalam,
mring Gulangge dulu,
andheku denira lenggah,
Johanpirman andhepes wurinireki,
Raja Tasangsulngalam.
10. Radi kekes sasmitaning batin,
ketareng netya sigra ngandika,
aris Sang Prabu Gulangge,
heh ta Sang Prabu ing Rum,
sampun susah sampun kuwatir,
de sira mentas nglunas,
para mantuningsun,
telu tumpes dening sira,
si Wuskahar si Kasinggi si Ungkadi,
para ratu prakosa.

11. Mengko katelu sira pateni,
nora sedy a ingsun amidosa,
ujer uwite panggawe,
kang mawa sira nepsu,
ku saking luputing ngirki,
ya Unuk Marjaban,
anyidra mantumu,
Prabu Sayid Ibnungumar,
iya iku wetune runtikireki,
sun puji sira lanang.
12. Lanang kang wus tetap aneng bumi,
Sang Nateng Rum Burudangin sira,
wus aran lanang yektine,
mateni ratu telu,
iku padha kalok prajurit,
aprang kalawan sira,
katri tanpa kiwul,
saprajurite tumpesan,
praptanira tan anggawa rowang siji,
bisa bedhah nagara.
13. Bener Wong Agung Surayengbumi,
pamundhute kadang marang sira,
pan wus bener pametheke,
yen sira ratu punjul,
pratingkahe wus anglabeti,
sinembah ing sasama,
sasamaning ratu,
sembada dedeg parusa,
ora larang inganggep sudara pasthi,
mring Sang Surayengjagat.
14. Wau Sang Nateng Rum Burudangin,
duk miyarsa pangandikanira,
sareh Sang Prabu Gulangge,
cahyane sami muncul,
sreming-sreming wus mari putih,

gumremet meh sumringah,
abang maripayus,
tetep denira alenggah,
pan linarih brenduwin jenewer aglis,
wus pulih manahira.

15. Prabu Gulangge ngandika aris,
Bakubaham sira angirida,
mring Sang Prabu karo kiye,
iya dimen tetemu,
lan mantune kang siji iki,
Tasmiten Johanpirman,
iku besanipun,
lakune dadi caraka,
mengko gampang padha katemu ing wuri,
lah iya ngarah apa.
16. Sampun kerid lawan Kyana Patih,
maring nggene Sayid Ibnungumar,
ing kang pinrenah enggene,
made kancana murub,
kawandasa cethi ngladosi,
langkung sinuba-suba,
karaton tinamu,
mendhak Patih Bakubaham,
nembah rama paduka Sri Narapati,
Prabu Tasangsulngalam.
17. Arsa panggih lan paduka Gusti,
lawan besan tuwan Johanpirman,
Sanga Prabu ing Tasmiten,
tumedhak sira gupuh,
anungkemi padanireki,
rinangkul mring kang rama,
binekta agupuh,
sira Prabu Johanpirman,
atur sembah ing besan Sang Raja Pekik,
Patih Rokam neng ngandhap.

18. Nateng Kaos matur angabekti,
mring kang rama pukulun raharja,
tyase Sang Prabu Gulangge,
tan wonten ratu agung,
manahipun kadi wong mukmin,
amba sinungga-sungga,
tur rinatu-ratu,
Prabu Tasangsul ngandika,
witning ingsun mantune tri sun pateni,
prandene ingapura.
19. Tuwan punika prapta angiring,
dhateng putra paduka jeng paman,
sampun rekasa karsane,
wonten semadosipun,
amun raka paduka prapti,
jeng eyang pan kawula,
ingaturken gupuh,
dangu tutug apapanggya,
lega tyase Narendra Rum Burudangin,
wus panggih lan putrarja
20. Wangsul marang panangkilan malih,
sampun lenggah ngamparan kancana,
ngormati Prabu Gulangge,
seratira pinundhut,
lawan aken wau ngaturi,
mring Sayid Ibnungumar,
praptane Sang Prabu,
Gulangge nyandhak kang asta,
Ibnungumar ginawa lenggah anunggil,
munggeng ing singasana.
21. Sibra buka srat sinuksmeng galih,
penget layangingsun Putra Kelan,
pupujji mring Pangerane,
Kang Agung Maha Luhur,
kaping kalih maring ing Nabi,

Ibrahim Waliyalah,
teka asratipun,
mring Prabu Gulangge Rokam,
praptaningsun ing kene angirid baris,
wit saking mantunira.

22. Si Marjaban Ratu Ngambarkawit,
nyidra marang kaponakaningwang,
mengko ginawa marene,
katur marang sireku,
dadi lakuningsun nututi,
aneng marga winatang,
ing para mantumu,
angadhangi lakuningwang,
pinatenan mring paman Rum Burudangin,
katelu mantunira.
23. Praptaningsun ing prajanireki,
aturena maringsun den enggal,
heh poma Prabu Gulangge,
iku pulunaningsun,
kakang emas Umaryunani,
putra ingkang pangarsa,
panpambarepipun,
kang susunu Ibnungumar,
lamun sira ngukuhi pulunan mami,
eling-eling Sang Nata.
24. Pasthi ingsun anakani jurit,
heh Gulangge anitira kendhang,
ngadegen daludage,
manjera umbul-umbul,
amepaka kaprabon jurit,
tan wande ingsun rusak,
sun dadekken awu,
nagaranira ing Rokam,
lawan sira sun sahken nyawanireki,
lan angga antanira,

25. Dudu aran Gulange Narpati,
amun nora metu prang lawan ingwang,
yen ajrih sira den age,
ngaturna panunungkul,
peni-peni lan anak mami,
Ki Sayid Ibnungumar,
aturna den gupuh,
wurung sah mustakanira,
titi tamat kala ing dina mongseki,
surate Putra Kelan.
26. Mesem sarwi angandika aris,
muka sumilak bersih aterang,
tuhu Sang Prabu Gulange,
sinungken seratipun,
daweg angger dika tingali,
layange rama dika,
kalangkung pupucuk,
boten angangge pariksa,
tetekone pinadha ing nguni-uni,
mungsuhe rama dika.
27. Apan kula boten duwe budi,
kadi ratu ingkang kathah-kathah,
pan wis tuwa si Gulange,
nadya duk anomipun,
nora owah tetekon mami,
ingkang jamak den wawas,
sayekti karungu,
wong tuwa cinacah-cacah,
boten pantes Jeng Pangeran Kaelani,
ladak boten weweka.
28. Dora boten midhangeta warti,
yen si Unuk Marjaban palastra,
kokum ingsun pasrahake,
andika kang anglampus,
pundi lamun sarua mami,

ngaranana sikara,
jeg boten tinemu,
amung ta atur kawula,
benjing yen wus prapta Jeng Eyangireki,
kula turken samangsa.

29. Saking kedah pan arsa udani,
ꦕꦫꦱꦤ꧀ꦗꦁꦒꦼꦩꦶꦁꦥꦢꦸꦏꦏꦤ꧀
dika dadi dadalane,
ing batin mung puniku,
datan wonten pratingkah malih,
mangke putra ing Kelan,
canthula kalangkung,
kadi buwang namaningwang,
ing karaton tembung tan sareh tan aris,
yen ta tinimbangana.
30. Dadi bobocahan awak mami,
yen ugi ta tan tinimbangana,
yekti andadra karsane,
watak wong anom iku,
remen uga metu ing jurit,
Sang Prabu Ibnungumar,
alon aturipun,
inggi tuwan ladenana,
kangjeng paman denya dreng kedah ajurit,
lawan Jeng Padukendra.
31. Lamun boten paduka turuti,
kedah angayoni ing paduka,
yekti tan lega manahe,
lan punika Sang Prabu,
sami putra ing Puserbumi,
Kangjeng Pamaning Kelan,
moncol tiru ibu,
gitike sanget piyambak,
kasembadan pekike datanpa tandhing,
nyirnakken langeningrat.

32. Wonten paman Prabu Parangakik,
lawan paman Prabu ing Karsinah,
sami awrat gigitike,
pinten-pinten pra ratu,
kang binanting madyaning jurit,
paman Sultan Jayusman,
Amirrijalsamsu,
lawan Jeng paman Karsinah,
Sultan Anom Ruslan ing Danurusamsi,
maksih wrat paman Kelan.
33. Mesem Gulangge Sri Narapati,
yen makoten angrembagi dika,
angladenana yudane,
mring Putra Kelan iku,
heh Nateng Rum ing Burudangin,
kundura kula datan,
bektani sulangsul,
aran ta dika kang paman,
boten susah Gulangge ngaturi tulis,
matura putra dika.
34. Sakarsane wong tuwa nuruti,
witning lumuh kasebut ing nistha,
dene ta prang lawan lare,
lamun praptaa besuk,
raka dika Sang Jayengmurti,
pama tinakonana,
kafirare tengsun,
ewa makoten Sang Nata,
pan andika kang kula damel nekseni,
lan Prabu Johanpirman.
35. Pinisalin Narendra kakalih,
pira-pira busana murwendah,
nyatus mantri ngaterake,
pamit Sang Prabu ing Rum,
Burudangin miwah Sang Aji,

Tasmiten Johanpirman,
lajeng lampahipun,
rinengga lakuning raja,
sapraptane pasanggrahan ing Kudami,
lajeng mring panangkilan.

36. Sampun aglar satriya para ji,
munggeng ngarsane Ki Putra Kelan,
Sang Nateng ing Rum ature,
sadaya wuwusipun,
Sang Prabu Gulangge nenggi,
atur tan kaliwatan,
miwah ambekipun,
raharja anrus legawa,
ngungun mirsa sagung kang para narpati,
watake Nateng Rokam.
37. Mila ta tan ingaturken mangkin,
Nateng Kaos Sayid Ibnungumar,
inggi ngentosi praptane,
rama tuwan ing besuk,
pan sinunga-sungga ing mangkin,
boten manggih sungkawa,
papa kawlasayun,
malah amanggi kamulyan,
duk miyarsa Badingujaman netrandik,
umadeg kang bramatty.
38. Datan kathah kang karaos galih,
amung nora iangturken nulya,
Sang Ibnungumar putrane,
punika dukanipun,
katon sanget amajanani,
Gulangge Nateng Rokam,
mung punika ketung,
genjot wentise kang kiwa,
walikate kang tengen kasuk anitir,
kumutug brajeng muka.

39. Pasuryane sumilak awening,
adya andakara ing katiga,
tan kalimput widigdane,
tinon ing pukul telu,
pancoronge amurweng bumi,
eram kang sami mulat,
ing cahya kadyeku,
dangu-dangu katrontongan,
panganjure tyase kang amawa runtik,
kuning ijo dadya bang.
40. Prapteng jaja tutultutul abrit,
kucem tumungkul kang para nata,
ebat mulat ing cahyane,
awarna kaping telu,
dhinging pethak asirat kuning,
dangu wilis katingal,
tumeja sumunu,
yayah pamempenging wulan,
nunten prapta runtike atuntung abrit,
lir geni mulad-mulad.
41. Angekesi sagung kang ningali,
tuhu putra pituruning jagat,
aneh dhewe prabawane,
miwah ing cahyanipun,
ngilangaken langening bumi,
durung ana mangkana,
tejane ngunguwung,
Putra Kelan wruh ing netya,
para ratu miyarsa pawartineki,
gunge Gulangge Raja.
42. Prakosane punjuling ajurit,
dedege satus suwidak egas,
trihasta jaja jembare,
ujunge jaja jujul,

gapurane kaprah para ji,
alon denya ngandika,
Sang Ismayasunu,
heh paman Prabu Gumiwang,
ing Yujana miwah paman Ngawulangit,
paman Narendra Selan.

43. Paran sami karsane sayekti,
pun Gulangge makaten punika,
ingkang dhingini ature,
sira Prabu Semakun,
anak emas ingkang ngluwihi,
ing para putra Ngarab,
nunten tura weruh,
inggi ing rama paduka,
yen Gulangge makoten aturireki,
gumulung para nata.
44. Kadi Prabu Semakun turneki,
Putra Kelan estu datan arsa,
ingkang makaten rembage,
karsane kedah ngrebut,
amisesa amurweng jurit,
punapa kinajrihan,
dumeh gung aluhur,
dedeg satus sawidak gas,
pan punika sami titah ing Hyang Widhi,
maksih nak putu Adam.
45. Alamdahur muwus sarwi sedhih,
Kewusnendar ingsun lawan sira,
yen tiwasa nah ing angger,
sira tan wani matur,
lawan ingsun ajriha iki,
sanadya maguta prang,
yen prayogeng laku,
Gulangge durung prayoga,
lagi anjajaluk wenang yen inganti,

Semakun nambung sabda.

46. Miwah Raja Urmus anambungi,
inggi dene Gulangge punika,
sareh wonten panedhane,
lawan ta malhipun,
gung aluhur prakosa luwih,
putra dika neneman,
kaot balungipun,
mangsa si dhewek ajriha,
jer wus nedya pratingkah andon ajurit,
mungsuha sapa-sapa.
47. Iya nanging atura upeksi,
mring kang rama nadyan gempurana,
aja kuciwa semune,
yen tiwas aprangipun,
ingkang tuwa mangsa na kari,
Putra Kelan turira,
mring paman Semakun,
paman paduka punika,
duk kawula kapidereng arsa jurit,
lan Uktur Mandalika.
48. Pupulih mring Kangjeng Kakang Aji,
Rustamaji paduka kang menggak,
saking kagengen mungsuhe,
pun Mandalika Uktur,
ratu dajal pan dede janmi,
mangke Gulangge Rokam,
sami gung aluhur,
nanging ta janma manusa,
mindeng-mindeng apan paduka palangi,
pun Gaji Mandalika.
49. Amejahi kakang Rustamaji,
pun Gulangge ngukuhi wayah ta,
ing pundi nggene patine,

wong ngaurip puniku,
liya kadang kalawan siwi,
kaping tri wong atuwa,
miwah garwanipun,
paman Semakun kawula,
paman Urmus samangke pan boten keni,
wong tuwa malangana.

50. Samya sedhih yayah wetu tangis,
para raja kang pinaman-paman,
tuwin para paman kabeh,
sigra wau kang bagus,
bala kinen tengara aglis,
neteg amukul kendhang,
thongthonggrit lan puksur,
busekan bala siyaga,
para ratu nimbangi tengara sami,
mundur nata barisnya.

24. PRABU GULANGGE TANDHING LAN PRABU LAMDAHUR

Durma.

1. Wus samakta busana kang para nata,
sigra wau Sang Pekik,
miyosi ngayuda,
angiring kang santana,
ing Kelan sami prajurit,
lan para paman,
ing garebeg tan tebih.
2. Gora-goraning tengara kapiyarsa,
saking jor kitha nenggih,
Gulangge miyarsa,
sigra aken tengara,
nimbali ing Raja Sayid,
ya Ibnungumar,
prapta Gulangge angling.
3. Lah punika rama andika tengara,
Pangeran Kaelani,
ula arsa medal,
andika jenengana,
lungguha ngamparan rukmi,
angrawuhana,
tingkah manira jurit.
4. Sigra atengara Sang Narendra Rokam,
muntab sawadya mijil,
saking jroning kitha,
wadya kadi hernawa,
prajurit para narpati,
kethen ayutan,
rebat papaning baris.
5. Sampun tata barise mungsuh lan rowang,

Raja Gulangge prapti,
lawan Ibnungumar,
sampun munggeng ngamparan,
sawang sinawang kang baris,
sami asrinya,
sami gunge wadyeki.

6. Sigra tedhak Gulangge nitih andaka,
kulawu pancal putih,
ageng sadipangga,
binusanan sarwendah,
kadya baksara duk mijil,
saking hernawa,
ebat kang aningali.
7. Mandhi gada jenggarang kabina-bina,
lir jalada lumindhah,
gada kadi carak,
warsa modod anglela,
mole-mole angajrihi,
kekes kang mulat,
tuhu ngebat-ebati.
8. Molahaken andaka krura anglumba,
gada kinarya undhi,
mumbul ing ngawiyat
lir peksi mardikala,
tibane cinandhak malih,
pinuter mubyar,
kadi kilat sisiring.
9. Duk tumingal Pangeran Jawadi Putra,
sigra mudhut turanggi,
arsa umaguta,
sampun nitih turangga,
prapta Prabu ing Serandil,
apusing kuda,
cinandhak den gendholi.

10. Sampun mangsah ya putrane Gustiningwang,
ratune wong apekik,
yen maksih pun paman,
Lamdahur aneng donya,
sakarsane wus wor siti,
Ratu ing Selan,
kendel mangu Sang Pekik.
11. Sigra nitih dipangga Sang Aji Selan,
umangsah ing ngajurit,
surake gumerah,
kadya nengker bawana,
wus prapta papan apanggih,
ayun-ayunan,
lir kuda mungsuh esthi.
12. Pan sakuda upama Sang Aji Selan,
Gulange upamesthi,
Gulange tatanya,
sapa ranmu Narendra,
sumaur yen sun Serandil,
Lamdahur ingwang,
ratu andeling jurit.
13. Ratu agung rong leksa prajuritingwang,
ingkang manca nagari,
ratuningsun dhomas,
lawan sinung ngreh ingwang,
para ratu wadaneki,
pan wolungdasa,
kang sinudara yekti.
14. Pan ingaken sanyawa saliraningwang,
mring Sang Amir Mukminin,
gumuyu angakak,
Prabu Gulange mojar,
pantes sira den kasihi,
ratu prakosa,

dhapurmu gung respati.

15. Payo Sang Sri Lamdahur apa neng sira,
nuli tamakna aglis,
Lamdahur angucap,
pan dudu caraningwang,
andhingini ing ngajurit,
sabalanira,
Risang Surayengbumi.
16. Balik sira Gulangge payo gadaa,
gumuyu iya becik,
Lamdahur den yitna,
kudhunga parisira,
muter gada Gulanggya Ji,
rongewu dhomeas,
kati mas wawratneki.
17. Sigra ngetab andaka Gulangge Raja,
tumempuh punang bindi,
kadya gelap sasra,
murub parisira,
gumeter limanira jrit,
adhorodhogan,
kokotos kringet mijil.
18. Asru mojar Gulangge payo malesa,
heh Prabu ing Serandil,
sun rasakne uga,
iya panggadanira,
sumaur Nateng Serandil,
ingsun balaka,
tan kawasa malesi.
19. Sira iku Gulangge sayekti eman,
mungsuhan lan Gusti mami,
atimu raharja,
sanajan Putra Kelan,
kaliru galihe lagi,

pan sajatinya,
putra Rab ambeg suci.

20. Satemene Jeng Pangeran ing Suwangsa,
mring sira gawe becik,
para mantunira,
kang padha ngadhang marga,
mati de Sri Burudangin,
randhane padha,
putrine den beciki.
21. Tinarimakaken pinilihken padha,
Ratu Geng kang prajurit,
tur ingkang sanyawa,
lan Pangran ing Suwangsa,
randhane Raja Kasinggi,
kang tinariman,
Sang Raja Banuarli.
22. Ratu Agung Talsiyah Marmadi Putra,
pan wus kinulit daging,
randhane Wuskahar,
ipene tinariman,
Ratu Agung Kubarsi,
ngungkuli padha,
lawan bojone lami.
23. Anakira kang tuwa Sang Kewusnendar,
putumu iya panggih,
Putra Kewusnendar,
Kaharkusmen prawira,
kang roro mantunireki,
padha putrangkat,
ing putra Bagenda Mir.
24. Ingkang loro padha ratu sinudara,
ing Yujana Kubarsi,
mantunira lawas,

ratu raraton desa,
mengko iki pekik-pekik,
ratu sinembah,
ababala para ji.

25. Padha moncol tur prawira ing ngayuda,
karsane tur ngajeni,
Jeng Gusti ing sira,
Gulangge duk miyarsa,
waspanira adres mijil,
langkung nalangsa,
denya ngladosi jurit.
26. Katalangsa budi kang wus kalampahan,
tan ingaturaken nuli,
Sayid Ibnungumar,
dene nganti praptanya,
Wong Agung Surayengbumi,
arsa ngaturna,
ila-ilaning aji.
27. Balenana wacana kang wus kawedal,
kasiku ing Hyang Widhi,
angawe ing wadya,
prapta ingkang ambekta,
janewer branduwin anis,
wus linarian,
Sang Prabu ing Serandil.
28. Seger malih salirane ingkang lupa,
Gulangge mojar malih,
Lamdahur mundura,
nauri Rajeng Selan,
wirang sun mundura dhingin,
sira sadhela,
mundura Sri Bupati.
29. Sru gumujeng Gulangge mundur sakedhap,
Lamdahur mundur aglis,

rinubung praptanya,
pan nora ana kalah,
dandananira Sang Aji,
ya Insaallah,
ingsun misih basuki.

30. Nanging datan kawasa males ing aprang,
Gulangge sareh pikir,
lamun sinedyaa,
mati kaya palastra,
nanging karsaning Hyang Widhi,
yen durung ajal,
lah iya maksih urip.
31. Panggadane si Gulangge ngudubilah,
lir katiban wak mami,
iya gunung waja,
mesem Putra ing Kelan,
tuwin kang para narpati,
Gulangge kuwat,
estu gambuh ing jurit.

25. RATU WADYA KUPARMAN GENTOS-GENTOS NANDHINGI PRABU GULANGGE

Gambuh

1. Wau ta duk angrungu,
krodha Sang Prabu Maliyatkustur,
sigra amit paksa umagut ing jurit,
Pangeran Ismayasunu,
pangandikanira alon,
2. Paranta kakang Prabu,
lamun paduka kedah umagut,
gung aluhur Gulangge awrat ing jurit,
umatur Maliyatkustur,
sampun ngawruhi yen abot.
3. Bebegian ta pukulun,
kedah ngayoni ing wawratipun,
muga tuk kakang sapangat Sanga Pekik,
gya mangsah Maliyatkustur,
nitih dipangga binarong,
4. Sarwi mandhi salukun,
prapta ing papan Maliyatkustur,
wus apanggih ayun-ayunan Sang Aji,
Gulangge mesem andulu,
naracak padha kinaot.
5. Bala Kuparman iku,
para ratune apatut-patut,
dhapurane ya gagah padha respati,
tuwa bagus anom bagus,
iki sapa sun tatakoni.
6. Ratu ngendi sireku,
wani amapag wukkuring ngayun,
apa nora takon mring Rajeng Serandil.

kang mentas aprang lan ing.sun,
sira bagus misih anom.

7. Angling Maliyatkustur,
iya pan ing.sun uwis angrungu,
lamun sira abot sinandhing ing jurit,
lan dedegmu gung aluhur,
nora kaprah para katong.
8. Wruhanira Sang Prabu,
prajurit Arab nora andulu,
nadyan ana mungsuh gedhene sawukir,
tan ana angayang mungsuh,
wus lumrahe kancaning ngong.
9. Mungsuha Wanakirun,
pan nora watak anampik mungsuh,
aja mungguh santana kang kaya mami,
yen mirisa mungsuh agung,
yen sira tambuh maring ngong
10. Iki Maliyatkustur,
gegedhug ratu santana ing.sun,
pan rongatus para Ratu Kaelani,
kang asnak misan puniku,
dene ta kang para katong.
11. Nak sanak wolung puluh,
iku kaparentah marang ing.sun,
padha ratu prajurit wong Kaelani,
ratu dhomeas balaningsun,
dene ta saliraningong.
12. Abungadngah Susunu,
Sang Warhadbari ratu pinunjul,
putra telu ingkang tuwa iya mami,
putra adi kang panggulu,
lanang maning ingkang anom.

13. Kang estri garwanipun,
padmi kakasih Ismayasunu,
Putra Kelan tan umiyat ing dyah malih,
mung Kadarwati ariku,
wong tuwane asih golong.
14. Lanang wadon sih lulut,
miwah sadaya kang para ibu,
atanapi Wong Agung Surayengbumi,
denya wlas asih kalangkung,
asring kinanthi ing kewoh.
15. Duk sirnane Wong Agung,
prang Samasrawi cinolong iku,
wong Kuparman gung alit sanget prihatin,
para putra para ratu,
tan ana bisa ngupados.
16. Pan amung ariningsun,
si Kadarwati nemokna iku,
anambani susahe wong Puserbumi,
Prabu Gulangge angrungu,
karasa ing tyas sumedhot.
17. Nuksmeng wardayanipun,
Prabu Gulangge ragane iku,
tinggalane Abugandngah Warhadbarisi,
kelingan yen tunggal guru,
bareng daledeg duk anom.
18. Tan pisah saba gunung,
mring alas guwa amrih pinunjul,
puruhita kaprawiraning ngajurit,
tinggalane ariningsun,
Wrahadbarisi Ratu moncol.
19. Lan kapindhone iku,
dadi lakine atmajaningsun,

si Bayansih abegja prayoga iki,
lan si Wuskahar rumuhun,
kari gagah kari sengoh.

20. Lan kari ratu agung,
manjing santana Arab tur bagus,
keh begiane ya putrengong Ni Bayansih,
alon samudana muwus,
sira kudu prang lan ingong.
21. Den prayitna sireku,
ya tadhahana panggadaningsun,
winatara ing gada den irih-irih,
sinangga parise murub
Maliyatkustur kaleson.
22. Anjrit dipanganipun,
gumeter wau saliranipun,
sapraptane kang arak jenewer manis,
linarih Maliyatkustur,
wus seger sira Sang Katong.
23. Prabu Gulangge muwus,
mara malesa Maliyatkustur,
lagi sira iki lan Nateng Serandil,
katiban ing gadaningsun,
takat teka nora luloh.
24. Sabene yekti luluh,
nora luluha nyawane mamprung,
tinggal badan wedi mbok kasawo bindi,
nora tau gadaningsun,
mateni ratu amindho.
25. Lah mundura sireku,
yen kelara males luwih sukur,
anauri Sang Sri Bupati Kubarsi,
an kawasa males ingsun,
alesu saliraningong.

26. Iya mundura gupuh,
yen ajaa sira dadi mantu,
sun temeni sayekti sira ngemasi,
manawa bojomu nutuh,
tan sira agolek liron.
27. Kon boboki bojomu,
rapuwan ratus mahribi iku,
si Bayansih weruh pratikeling nguni,
mundur Sri Maliyatkustur,
wonten ratu wrat ing kewoh.
28. Ing Rokami prajeku,
Rikami tanah Indi puniku,
bisikane iya Gulangge Rokami,
ilok-ilok namanipun,
ratu ageng kang kinaot.
29. Dene prajanireku,
meh jumbuh lawan Rokami iku
pan asisan tinuri namanireki,
dene doh jajahanipun,
mangsa nedya apatemon.
30. Ing mangke ta kapranggul,
Sri Gulangge tanah Indi magut,
Jeng Pangeran ing Suwangsa wus ngidini,
gumujeng kang para ratu,
padha arane patemon.
31. Nanging kari geng luhur,
Gulangge kene iki kalangkung,
Sri Gulangge Rokami ing tanah Indi,
kaprah bae para ratu,
mangsah anitih angrimong.
32. Putih prapta wus saguh,
tanya Gulangge kang agung luhur,

Ratu ngendi sira iku metu jurit,
Ratu Bawahangin ingsun,
ya Gulangge namaningong.

33. Ing Rokami prajengsun,
duk maksih anom suwita ingsun,
nora saking ingsun kasoran ing jurit,
wit saking ingsun kapencut,
ing ambek Jayengpalugon.
34. Ing budi manis arum,
ngisoring wiyat kang para ratu,
ora ana mirib Sang Surayengbumi,
aluse wawatakipun,
dhadhasare ngapuramong.
35. Ya duk suwita ingsun,
kala Wong Agung nglurugi mukul,
mring kuthane Aspandriya ing Biraja,
Wong Agung duk amamangun,
akarya kutha geng kaot.
36. ingsun kang kinen matut,
miwah rengganing karatonipun,
sawiji kang rupa-rupa sajron puri,
tan ana liyan sakingsun,
angreka sajro kadhaton.
37. Kinen atelad ingsun,
kutha Ngajerak ing rakitipun,
pan kalebu wong lawas ya ingsun iki,
Gulangge Raja gung muwus,
payo anggadaa mring ngong.
38. Raja jumbuh prajeku,
lawan ta jumbuh namanireku,
ya kaliwat baya prawiranireki,
Gulangge alit sumaur,
ing prang dudu caraning ngong.

39. Dhingini ing pamupuh,
gumuyu ngakak Sang Gulanggya gung,
den prayitna sira lumaku sun bindi,
muter gada sigra mupuh,
gumapruk angrimong ruboh.
40. Pareng ratune lampus,
gumuling lawan angrimongipun,
sigar nander ratu kembar kaelani,
Raja Siwana kang sepuh,
Raja Diwana kang anom.
41. Prapta mangsah wus pangguh,
tanya sapa aranira Ratu,
anuri santana ing Kaelani,
ing Sarsit kadhatoningsun,
ratu sanak misan ingong.
42. Mara Gulangge Prabu,
Raja Siwana Diwana gupuh,
mara rampak kalihe binabit bindi,
sedyanira ukur-ukur,
iya tibaa kemawon,
43. Tuna dungkap pamupuh,
ragi angayuh denira mupuh,
mrih kenane karo pisan dening bindi,
temah kapara aseru,
dene manglung asta ngayoh.
44. Temah kalihe lampus,
Prabu Gulangge kalangkung ngungun,
katigane nora sedy a mateni,
katigane katarucut,
kasampe balunge anom.

26. PANGERAN KELAN TANDHING LAN PRABU GULANGGE

1. Mangkana Prabu Gulanggya,
tedhak saking awaniti,
angrucat kapraboning prang,
mara lan astanireki,
jisime ratu kalih,
Siwana Diwana iku,
rinangkep asta kanan,
kang keru jisim satunggil,
wus binakta marang nggene Putra Kelan.
2. Ambopong jisim katiga,
saingga pari sawuli,
eram kang sami tumingal,
Gulangge pratingkahneki,
prapta ngarsa Sang Pekik,
para ratu kekes dulu,
mring Gulangge gengira,
miwah jarote linuwih,
piyak sagung kang bala ngampil ing ngarsa.
3. Angadeg saking ngamparan,
Pangeran Banjaransari,
sarwi nekem gandhewanya,
Gulangge ngrepepeh manis,
umatur Sanga Pekik,
angger gambene pra sunu,
punika wadya tuwan,
amba tan nedya mateni,
kasaliyo kapara ginayuh gada.
4. Balane ratu katiga,
santanane prapta nangis,
tinampen layon katiga,
Gulangge umatur aris,

yen ngarsakna Sang Pekik,
ngukum kawula katur,
amba tanpa gagaman,
angesrahken pati urip,
sakarsane Putra Kelan pan sumangga.

5. Rengu panduking sasmita,
Pangerane Suwangseki,
sumunu wulan tumeja,
sudama bangun sisiring,
linar pratistheng lilin,
kataman ing maruta rum,
eram Gulangge mulat,
ing cahyanira Sang Pekik,
angandika Pangeran Amir Atmaja.
6. Heh Gulangge tambung lampah,
ya ngendi ana prajurit,
mateni wong tanpa gaman,
yen sira rep sun pateni,
mundura sira dhingin,
anggonen sadayanipun,
kapraboning ngayuda,
ing mengko nuli ajurit,
singa tiwas aneng papan pinatenan.
7. Dudu carane prawira,
amateni wong maledhing,
tangeh manggiha utama,
mungsuah kurang den wuwuhi,
gagamaning ngajurit,
sira iku tambung laku,
lamun trahing Kuparman,
tan arsa mateni silib,
nora arsa mungsuah wong kurang gagaman.
8. Apa jampeng tan miyarsa,
watake trah Puserbumi,

yen aprang milih sumengka,
nora tate den sengkani,
Gulangge lah den aglis,
anggonen pedhang gadamu,
lawan parisanira,
den samekta payo jurit,
undurira Gulangge ngusapi waspa.

9. Pan kalorop solahira,
wekele kang den ugemi,
seca tuhu paribawa,
tinampan angrusak wingit,
angilani wawadi,
bubrah kautamanipun,
tur pati tanpa gaman,
ingaran amejanani,
pan tinarka nuntun panggawe urakan.
10. Nyarimped ing kaprawiran,
wau ta Rahaden Mantri,
angrasuk kaprajuritan,
kuda gem kinan ngambili,
sumaos Jonggiraji,
ingkang sayektine iku,
weton dhasar lautan,
anaking jin Jonggiraji,
yen kinarsakena mring Ki Putra Kelan.
11. Bisa nglumpati parbata,
nging Ki Putra sanget wingit,
tan arsa ngaceni titah,
ing sama titahing Widi,
sigra nitih turanggi,
wong Kelan surak gumuruh,
langkung sami marmanya,
para paman lan para ji,
denya sanget datan kena ingaturan.

12. Kadya kang basonta memba,
nganglangi resmining bumi,
Gulange nurut parentah,
angrasuk kaprabon jurit,
kiter Rahaden Mantri,
ngatepang wedhar alurus,
wiragane pasaja,
cahya nukmeng sitangsenjing,
gebyar-gebyar nyuremi kang diwangkara.
13. Ebat sanget kang tumingal,
ing cahya anukmeng sasi,
durung tumon kang mangkana,
amung Putra Kaelani,
ngendhih resmining sasi,
sorote ngondakara lum,
marpeki asusumbar,
Gulange Sri Narapati,
anggadaa payo prang sisih prakosa,
14. Bebeg Gulange tyasira,
paran tingkah ing sun iki,
saru loking pramudita,
lare sun ladeni jurit,
yen nora sun ladeni,
muring-muring Sanga Bagus,
lah iya ngarah apa,
sun watarane ing jurit,
jer karsane dhewe ingkang ngajak aprang.
15. Marpeki angundha gada,
Gulange sarya ngling aris,
wong abagus den prayitna,
amuter gadanira glis,
Sang Pekik masang tangkis,
Gulange gadane tempuh,
tibane winatara,

sugal pangandikaneki,
apa aprang Gulangge apa dolanan.

16. Dora lamun samenean,
pupukulmu ing ngajurit,
kang jamak padha prawira,
angentekaken gigitik,
mbok aja majanani,
ngandelaken gung aluhur,
samangsa anggadaa,
manusa ajur wor siti,
manawa na manusa tinitah kuwat.
17. Pan ingsun durung narima,
sira matara gigitik,
Gulangge kaku tyasira,
ingundhakan panggadeki,
jumbet tibeng tangkis,
metya geni paris murub,
agni kentar kumantar,
muluk marang ngawiyati,
peksi liwat katrajang kumrutug tiba.
18. Malah mateng tibanira,
wong baris kalangan aglis,
kang mateng lajeng pinangan,
suka manaha wadya lit,
kang lagya mangan peksi,
surak sarwi nyamuk-nyamuk,
ginada kaping tiga,
tan osik denira tangkis,
angandika payo Gulangge entekna.
19. Gulangge aris saurnya,
sumawi ngger sampun ping tri,
angger pamupuh kawula,
inggih leresipun genti,
sampun ta amastani,

ing panggada ukur-ukur,
kawulantep punika,
estu kawula amuji,
pasek sesek angger panangkis paduka.

20. Putra Kelan saurira,
heh Gulangge Sri Bupati,
durung tek pukulmu uga,
katara tibaning tangkis,
pan akeh ingkang kari,
Gulangge kuwatireku,
mangsa malesa ingwang,
yen durung ngentek sireki,
metu kabeh kuwate panggadanira.
21. Kaliwat dora sengara,
mung semene kuwatneki,
mangsa matenana raja,
amunga samene ugi,
si Diwana prajurit,
lan Raja Siwana iku,
tate nadhahi gada,
rosane narendra kalih,
apan ika santananingsun misanan.
22. Anaking ratu prakosa,
andel-andel Kaelani,
payo maning wetokena,
pamupuhira kang yekti,
Gulangge ngangkat aglis,
pinartelu kuwatipun,
mung kari kang saduman,
kang rong duman ingkang mijil,
pan tumempuh gada geng mring Putra Kelan.
23. Kadya baledheg sayuta,
horeg prakempa sabumi,
obah sakathahing kuda,

karungane kang para ji,
miwah karungan esthi,
wadya gung pan sami jumbul,
ewa mangkono uga,
tan osik denira tangkis,
tuhu lamun widigdaya Putra Kelan.

24. Kadya kidang mungsuh gajah,
sayekti seket lan siji,
mangsa na melu si kidang,
pangrasane kang ningali,
nora kongsi ping kalih,
sapisan wus dadi bubuk,
prandene Putra Kelan,
winuwung awanti-wanti,
nora mantra karasa panangkisira.
25. Surake kadi ampuhan,
eram kang sami ningali,
manteping prang Putra Kelan,
panyengkane satus tandhing,
wau kang paman kalih,
Raja Urmus lan Semakun,
sami tan bisa mulat,
tumungkul waspa dres mijil,
saking sanget tan kuwawa nahen maras.
26. Tatanya Sang Raja Selan,
kakang Prabu kadi pundi,
tan mangga kula mulata,
ing yudane Kaki Mantri,
karya rujiting ngati,
nauri Prabu Lamdahur,
angger dipun santosa,
tuwan pasrah ing Hyang Widi,
lah punika tingkahe putra paduka.

27. Wus pinupuh kaping gangsal,
kaping nem dereng malesi,
angger kawula kemutan,
putra paduka puniki,
ayeme ing ngajurit,
bleg raka dika puniku,
Wong Agung Surayengrat,
sanget pedhese kang gitik,
tiru ibu Kelaswara Putri Kelan.
28. Kula duk aprang binuntar.
lir katiban gunung wesi,
lah puniku raka dika,
Yujana padha ngrasani,
Kewusnendar nambungi,
angger iku tiru ibu,
kawula nggih binuntar,
gumampleng lir puthon wesi,
kula angger tan emut purwa duksina.
29. Wau kang abandayuda,
Gulangge lan Raden Mantri,
Prabu Gulangge turira,
suwawi malesa aglis,
kawularsa ngrasani,
gigitike wong abagus,
nauri Putra Kelan,
lah iya Sri Narapati,
den prayitna kudhunga parise waja.
30. Mengko angrasakna sira,
pupukul trah Puserbumi,
Gulangge tangkis legawa,
tumungkul sarwi ningali,
Pangeran Kaelani,
ngetab kuda matak Jabur,
ngikal amuter gada,

milar kuda Jonggiraji,
sanalika angungkuli mungsuhira.

31. Tumempuh panggadanira,
jumeberet surake anjirit,
saguning bala Kuparman,
tekan sikep den undhangi,
surake padha anjrit,
lir wukir kethen gumuntur,
kuwat Gulangge Raja,
denira nadhahi tangkis,
prakosane pupukule Putra Kelan.
32. Mubal parisane waja,
kumantar marang wiyati,
sumaput paningalira,
sakala Sang Sri Bupati,
obah babalungneki,
kang rongatus telungpuluh,
andakane tan bisa,
gumeter lir den sirami,
kalingete kokotos sarwi dhogdhogan.
33. Anjetung Gulangge Raja,
sajegingsun anadhahi,
panggadane para nata,
mungsuh ingsun nguni-uni,
akeh para narpati,
mung iki karasa balung,
tuhu moncol ing jagad,
putra Rab sawiji iki,
panas lesu rasane saliraningwang.
34. Lamun kongsi pinindhoa,
kaya embuh ingsun mangkin,
sapisan samene uga,
emare babalung mami,
ngalokor otot mami,

ros-rosan padha alinu,
kaya pecah-pecaha,
pangelune sirah iki,
komet mumet kidul temah katon wetan.

35. Angger suwawi luwaran,
punika apan meh wengi,
inggih ing benjang Pangeran,
punika sayah tan sipi,
kawula prang sakenjing,
kang badan sampun alesu,
luwung enjing kewala,
pun bapa ngladosi malih,
angandika Pangeran Jaswadiputra.
36. Lah iya sakarsanira,
Sang Nata ingsun turuti,
ing ngesuk bac metua,
tegese kang satriya di,
utamaning prajurit,
nurut panjaluking mungsuh,
bubar unkur-ungkuran,
Putra Kelan praptaneki,
pan rinubung tinangisan para nata.
37. Gumrumung nungkemi samya,
para paman anangisi,
pangrasa kadi supena,
aningali maring Gusti,
lajeng tetegireki,
sagung ingkang baris daut.
bubar mungsuh lan rowang,
sami makuwon para ji,
daluh lajeng bojana andanasmara.

27. UMARMAYA NYAPIH PERANGIPUN PANGERAN KELAN

Asmaradana

1. Mangkana ingkang ngajurit,
cinaturaken kewala,
wus pitung dina lamine,
prangira Putra ing Kelan,
lawan Prabu Gulanggya,
arame bubar yen dalu,
pan dereng wonten kasoran.
2. Inggang tembung walangati,
Prabu Semakun utusan,
ing raka Jayengpalugon,
serat dadya rong prakara,
dhingin paripolahnya,
tetekone solahipun,
Prabu Gulangge ing Rokam.
3. Lawan denira ajurit,
wangkode wau kang putra,
Patih Jedi gya lampahe,
mesat mahawan gagana,
surat kalih binakta,
ing marga datan kawuwus,
prapteng nagari Sorangan.
4. Maksih yun-ayunan jurit,
barise angemput kitha,
Wong Agung Jayengpalugon,
lan sawadya para nata,
kang mengsah dereng medal,
Gajimandalika Uktur,
angekep sajroning kitha.
5. Wus katur praptane Jedhi,
surat pinundhut kalihnya,

binuka lajeng winaos,
saking kang rayi Gumiwang,
surasane kadriya,
gugup tyasira Wong Agung,
animbali Arya Maktal.

6. Adipati Guritwesi,
sami sinungan pariksa,
yen nagri Ngrokam prang rame,
Adipati Tasikwaja,
kinen agya lumampah,
anyapiha ing prang pupuh,
kang Putra Pangeran Kelan.
7. Lawan Sang Gulangge Aji,
nulya mesat Umarmaya,
lan Patih Jedhi sarengé,
lampahé Sang Adipatya,
tajem nginggil lan ngandhap,
Sang Dipati mamprung-mamprung,
ing marga tan kawursita.
8. Prapta ing Rokam nagari,
pabarisane wong Ngarab,
nuju yun-ayunan mangke,
Gulangge lan Putra Kelan,
baris sampun akapang,
neng wijohan palowanu,
Pangeran Bakdingujaman.
9. Banjeng kang para narpati,
ingkang paman kering kanan,
Urmus Semakun jajare,
Sang Prabu Tasangsulngalam,
lawan Sri Kewusnendar,
Lamdahur Maliyatkustur,
miwah sagung para nata.

10. Aglar satriya bupati,
para satriya ing Kelan,
kadya hernawa barise,
tuwin para raja putra,
mangkana baris Kelan,
lan baris ing Rokam tepung,
Prabu Gulangge alenggah.
11. Aneng singasana rukmi,
lawan Prabu Ibnungumar,
amung meh kari wedale,
Gulangge lan Putra Kelan,
kadi saben andina,
rame denira prang pupuh,
dereng wonten kang kasoran.
12. Wus manjing patbelas ari,
prange Ki Putra ing Kelan,
lawan Sang Prabu Gulangge,
wau ta meh medalira,
kasaru ingkang prapta,
Dipati Tasikwajeku,
jujug satengah paprangan.
13. Praptane lajeng sisirig,
bala Rab sami uninga,
Ki Adipati praptane,
nanging jujuke kapara,
ngarsane Sri Gulanggya,
malembung asebrang-sebrung,
Gulangge awas tumingal.
14. Sapa ingkang prapta iki,
apa wong metoni ing prang,
teka mangkono polahe,
angguguk Gulangge mulat,
dene kaya parenjak,
wong iku tanaganipun

ing ngendi mau sangkanya.

15. Rekyana Patih wotsari,
boten saking baris Ngarab,
tiyang puniku praptane,
saking ler kilen katingal,
lajeng alincak-lincak,
wau Ki Umarmayeku,
lincake sangsaya merak.
16. Ngarsane Gulangge Aji,
alatah suka tumingal,
wong apa iku polahe,
dene kayungyun kalintang,
celak ngarsa Gulanggya,
nulya umesat sumebrung,
anebih malih kakayang.
17. Lincak-lincak nyelak malih,
gedheg-gedheg palembungan,
sangsaya suka Sang Katong,
Prabu Sayid Ibnungumar,
waspada tingalira,
saking singasana medhun,
ngadeg aneng ngarsanira.
18. Prabu Gulangge tanya ris,
mila ta angger tumedhak,
saking ing singangsanane,
Prabu Sayid Ibnungumar,
alon ing aturira,
inggi kang prapta punika,
pan pun Eyang Tasikwaja.
19. Adipati Guritwesi,
Jeng Pangeran Umarmaya,
ngatag Sang Prabu Gulangge,
ragane eyang andika,

Umarmaya kang prapta,
Prabu Gulangge anguwuh,
marenea Umarmaya.

20. Sarwi ngawe astaneki,
wau astane kang kanan,
ngalumahaken pek-epek,
payo kene Umarmaya,
lungguha astaningwang,
Ki Umarmaya sumebrung,
wus linggih ing astanira.
21. Sinangga sarwi alinggih,
neng epek-epekanira,
Ibnungumar anulya ge,
ngabekti marang kang eyang,
Gulangge atatanya,
bagea Umarmayeku,
lega temen ing tyasingwang.
22. Manawa ta sira dadi,
tetamba kaprihatinan,
Raja Putra daruwenge,
nggene ngajak prang lan ingwang
pan wus patbelas dina,
ingsun ladeni prang pupuh,
pan durung ana kasoran.
23. Punggawane telu mati,
Raja Diwana Siwana,
Ratu Sarsit misanane,
lawan si Gulangge ika,
ratu kang madha aran,
Rokam Bawahangin iku,
ing tanah Ngindi kuthanya.
24. Lawan kang metu prang malih,
si Lamdahur mundur waras,

Maliyatkustur ipene,
iku padha mundur waras,
iku ta yen kenaa,
mbok aja prang lawan ingsun,
Pangeran Bakdingujaman.

25. Iku dudu cipta mami,
apranga lan Raja Putra,
dene sedyaningsun kiye,
kudu arsa ngawruhana,
prakosane kang rama,
ingsun nora angrempelu,
musuh lan Wong Agung Ngarab.
26. Adipati Guritwesi,
angling ingsun amiyarsa,
ing watakanmu Gulangge,
lah ta iya aja susah,
sun mara mring Ki Putra,
anayuti karsanipun,
lan parentahe kang rama.
27. Gulangge ngandika malih,
balia poma Marmaya,
nginepa kadhatoning ngong,
nauri sira Marmaya,
iya tan suwe ingwang,
Ki Umarmaya sumebut,
saking ngepek-epek mesat.
28. Maring baris Ngarab prapti,
rinubung ing para nata,
Putra Kelan nembah age,
angaras padane uwa,
wusnya tata alenggah,
Ki Umarmaya tanya rum,
babu sutaningsun nyawa.

29. Menenga aja ajurit,
wekase wong tuwanira,
iya lawan si Gulangge,
andheku Ki Putra Kelan,
kang uwa wuwusira,
sedheng wong ngayoni iku,
prang kongsi patbelas dina.
30. Semune Narendra iki,
karsane wong tuwanira,
yen dadi kanthi ing tembe,
wis kulup sira bubara,
luwung sukan-sukana,
lan santana para ratu,
aneng pasanggrahanira.
31. Sumebut amesat malih,
Adipati Tasikwaja,
prapta linggih ngepek-epek,
ing wuri dhaut barisnya,
Raja Putra ing Kelan,
lawan sagung para ratu,
sami bubar masanggrahan.
32. Umarmaya gunem malih,
lawan Sang Prabu Gulanggya,
linggih neng nepek-epeke,
Prabu Gulangge tumingal,
bubare baris Ngarab,
heh Umarmaya wus dhaut,
barise Pangeran Kelan.
33. Payo mulih mring jro puri,
neteg bubar barisira,
nitih dipangga Sang Katong,
katiga munggeng palana,
Marmaya lan kang wayah,
Katong Kaos nagareku,

katri Gulangge Narendra.

34. Anging Umarmaya maksih,
lengga ngepek-epekira,
anging ingalih enggone,
dangune neng ngasta kanan,
mangkya neng ngasta kiwa,
kumerut wadya gumuruh,
praptane sajro nagara.
35. Dadya tontonan samargi,
ana bala ing jro kitha,
tembak pinggir marga gebel,
satengah ana angucap,
kang sinangga Sang Nata,
kang aneng ing ngastanipun,
iya baya urang-utan.
36. Kang saweneh anauri,
ika dudu urang-utan,
manusa omahan bae,
nanging dudu wong ing Rokam,
wong ngendi ika baya,
totopong sarwi kakalung,
apa antuk tuku anyar.
37. Dadya meng-amenganeki,
kang adol baya wong Ngarab,
dene kayungyun rupane,
ana wong dhasar samodra,
ika anaking iwak,
mulane ika kayungyun,
yen ika weton dharatan.
38. Yekti anaking pring ori,
kang tuwuh pinggir jujurang,
pantes rupane mangkono,
yen ora anak wauwa,
semune tiru bapa,

parbutan panarkanipun,
tan ana kang kabeneran.

39. Ing panangkilan duk prapti,
tedhakira Sri Narendra,
lajeng tumameng kadhaton,
kinanthi ki Umarmaya,
munggeng ing ngasta kiwa,
kang kinanthi tengenipun,
Prabu Sayid Ibnungumar.
